TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Mangkubumi

Moelyono Sastronaryatmo

PNRI
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BABAD MANGKUBUMI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Mangkubumi

Alih Aksara

MOELYONO SASTRONARYATMO

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia

Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kagungan dalem Serat Cariyos Lampahanipun Kangjeng Pangeran Arya Mangkubumi, ingkang lajeng jumeneng Kangjeng Sultan Amengkubuwana ingkang-sapisan ing Nagari Ngayogyakarta.

Sambetipun Kagungan dalem Serat Babad Nitik Ngayogya. Angka (30).

Anggitanipun tiyang Ngayogya, babon sambutan saking:

Raden Mas Arya Purwadiningrat,
Bupati Kaparaktengen.

Kangge nyambeti, kagungan dalem Babad Nitik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang. pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra' daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelepgkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PRAKATA

Bukudengan judul: Babad Mangkubumi bagian II atau bagian terakhir, menurut keterangan yang tertera pada halaman pertama dalam buku ini, sebenamya merupakan lanjutan dari buku yang berjudul: Babad Nitik Ngayogya. Buku tersebut terakhir ini merupakan milik keraton Yogyakarta dan menceritakan peristiwa pemisahan Kangjeng Pangeran Mangkubumi dari kerajaan Surakarta, perlawanannya terhadap Surakarta dan pemerintah Hindia Belanda, sampai akhirnya bertahta sebagai Kangjeng Sultan Hamengkubuwono I di Yogyakarta.

Jadi mulai saat itu, yang menurut sejarah terjadi pada tahun 1755 setelah diadakan perdamaian di Gianti, di Jawa terdapat dua kerajaan: Surakarta di bawah Kangjeng Susuhunan Pakubuwono dan Yogyakarta di bawah Kangjeng Sultan Hamengkubowono. Dua tahun kemudian wilayah Surakarta dibagi lagi menjadi dua bagian, yang sebagian tetap, di bawah pemerintahan Kangjeng Susuhunan Pakubuwono dan bagian yang lain di bawah pemerintahan Kangjeng Pangeran Aryo Mangkunegoro.

Buku lanjutan Babad Nitik Ngayogya, yang diberi judul Babad Mangkubumi bagian ke-II atau yang terakhir ini, menurat keterangan pada halaman pertama tersebut di atas, ditulis oleh "orang Yogyakarta" dan induk gubahannya adalah pinjaman dari: Raden Mas Aryo Purwodiningrat, seorang "bupati-sisi-kanan" di keraton Yogyakarta.

Buku bagian II ini dimulai setelah putra Sri Sultan Hamengkubowono I, yaitu Sri Sultan Hamengkubuwono II, menjadi sultan di Yogyakarta. Tulisan ceritanya tidak berbentuk "tembang macapat" seperti halnya dengan babad-babad yang lain, misalnya Babad Untung Surapati, Babad Kartasura, Babad Pacina, melainkan dalam bentuk "gancaran", bentuk prosa yang menceritakan sesuatu.

Sebagai suatu Babad, sudah barang tentu buku ini tidak berpretensi sebagai buku Sejarah, yang penulisannya dilakukan secara ilmiah. Penulisan babad pada umumnya sering masih ter-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

campur dengan: pendapat, penilaian, sikap, serta jenis pengabdian penulisnya, jadi sering masih bersifat "subyektif". Namun bahkan juga buku yang dianggap sebagai buku sejarah, — dan ini kita semua juga mengetahui —, itu pun juga tidak luput dari subyektivitas para penyusunnya, tergantung dari pihak mana penulis memandang rangkaian peristiwa-peristiwa dalam sejarah yang disusunnya itu.

Akan tetapi dengan segala kesubyektifannya, buku babad pada umumnya, termasuk buku Babad Mangkubumi atau Babad Nitik ini, sangat menarik untuk dibaca dan diperhatikan. Penilaiannya terhadap peristiwa-peristiwa yang terjadi memang telah dikatakan "subyektif'," namun bagaimana punjuga fakta-faktanya tetap merupakan fakta-fakta yang tidak dapat diingkari atau disembunyi-sembunyikan demikian saja. Akibat-akibatnya pun tetap pula merupakan fakta-fakta yang tidak dapat dihilangkan, walaupun halnya kemudian merugikan.

Pribadi tokoh-tokoh yang diceritakan dalam babad ini, seperti Sri Sultan Hamengkubuwono II yang kemudian disebut Suitan Sepuh, Pangeran Adipati yang kemudian dinobatkan menjadi Sultan Hamengkubuwono III atau yang juga disebut Sultan Raja, Pangeran Notokusumo yang kemudian menjadi Kangjeng Pangeran Pakualam, Kangjeng Pangeran Mangkunegoro II atau yang disebutjuga Kangjeng Pangeran Aryo Prangwadono, Patih Danurejo, dan lain-lain, dalam buku babad ini mungkin ditinjau dari suatu pihak atau pandangan tertentu. Tetapi walaupun demikian, menilik peristiwa-peristiwa yang terjadi karena sikap dan pribadi para pelakunya, jelaslah kiranya bagi kita — meskipun ini kemungkinan besar juga masih "subyektif' pula — apa yang menjadi fakta-fakta sejarah dalam rangkaian peristiwa tersebut.

Segala macam dan bentuk intrik di dalam keraton maupun di luar istana, yang kalau pelakunya terdesak, lalu minta bantuan dari pihak luar yang digambarkan dengan jelas bagaimana perhitungan mereka itu mengenai untung-rugi dalam memberikan bantuan, itu terang sangat merugikan bagi keutuhan dan kekuatan negara. Pamrih-pamrih tertentu untuk menguntungkan diri pribadi atau kelompoknya, sudah jelas tidak menguntungkan negara,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

masyarakat serta rakyat banyak. Lebih-lebih karena tokoh-tokoh yang tersebut di dalam babad ini adalah orang-orang besar yang tindakan serta perbuatannya dapat sangat mempengaruhi jalan sejarah negaranya. Dan akibat kesemuanya itu yang akhirnya memecah belah serta meruntuhkan kekuatan negara, kiranya baik untuk dihayati dan dijadikan cermin dalam tindakan kita selanjutnya. Dari kerajaan Sultan Agung yang meliputi seluruh Jawa pada permulaan abad ke-17, setelah satu setengah abad sampai pertengahan abad ke-18, karena "kelihaian orang asing" dan ketak-waspadaan "orang pribuminya", tinggal empat keping wilayah kecil kerajaan Jawa.

Dan dalam Indonesia merdeka sekarang yang meliputi seluruh bekas jajahan Hindia Belanda, kiranya sudah sepantasnya, cermin peristiwa sejarah itu digunakan untuk memawas diri dalam pembangunan negara demi kesejahteraan seluruh rakyatnya. Itulah yang kami anggap menarik dalam membaca buku babad seperti Babad Nitik ini.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing sakonduripun sanget kaduwunging penggalih tuwan Eseman ingkang maru, bupati kang jumurung rembag kang lenggah wadana ngantos wonten ingkang pejahipun kalawe.

Saking aturipun bupati ingkang jurung rembag wau, sarehning tilas Oprup Surakarta amemundhuta sawetawis kados angsal. Punika menggah prakawisipun Pangeran Prangwadana, inggih semanten ugi sanget kaduwungipun dene noyanipun telas.

Semanten tuwan Panredhe wonten Betawi kathah prekawisipun, anunten ngajal. Sampun kagentosan Komasaris Jendral, sarta misuwur badhe mertamu dhateng ratu sekaliyan.

Tuwan Oprup Iseldhik anglangkungi bingahipun, ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan sareng mireng yen badhe wonten tamu Kamasaris Jendral. Raden Tumenggung Natayuda kaapunten, wangsul lenggahipun lami Kaliwoning Patih. Raden Tumenggung Martanagara lumebet dados prawara sekawan, semanten Ingkang Sinuhun animbali Oprup Iseldhik kadangu badhe wonten nama punika.

Ingkang pangandika, "Arep ana gawe apa? Nanging ing kene ora ana apa-apa, lang ingsun wis karuwan yen kabawah dening Kumpeni Jendral. Amung aja gawe malu bae".

Aturipun Oprup Iseldhik, "Ingkang punika kula boten mangertos, pangandikanipun Sultan makaten. Kaliyan dereng kantenan tamtunipun, sebab kula dereng tampi serat. Sanadyan tamtu mertamu, punapa ingkang dados sumelang sobat Kumpeni lan Jawi?".

Ingkang Sinuhun angandika, "Iku mesthi ewuh luhuring kaurma*an. Yen banget ngungkuli Gupernur, ingsun pasthi ana kiwa".

Oprup Iseldhik melehaken pangandika wau," Sultan sampun angraos piyambak, estu sepuh Kumpeni karatonipun. Nadyan Komasaris Jendral tamtu boten purun wonten kiwanipun tuwan Sultan".

Ingkang sinuhun langkung awrat galihipun, Oprup Iseldhik suda tresnanipun lajeng pamit mantuk. Kacariyos Oprup Iseldhik pamit dhateng Idlir ing Semawis anuwun tempo nggenipun jagi Nagari Ngayogya. Sabab asring . seliringan kalayan karsanipun Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan. Boten wande dados aseman,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

manggih dedukanipun Jendral. Lan sampun nate kasendhu dhateng ing tuwan Besar. Sabab lampahing nagari kagalih sesrama patrap, keranten kaprayogi sawetawis karsanipun kadherek. Dene ingangkat ratu, Kumpeni priksa yen mursal, kuwasa nglungsur tuwin damelan teksih kasumitra.

Mila ing sawetawis den mong, saking dening rumeksa tentreming Nungsa Jawa. Tuwan Oprup Iseldhik tinurutan, njagi kantor Surabaya dados Sekeber lenggahipun. Ingkang gumantos Oprup Pandhenbereh, ananging dereng mupakat ngantosi kuntrak pengangkat.

Ingkang Sinuhun lajeng suka, dening dhateng Oprup Iseldhik boten condhok. Nujoni dinten Saptu, Oprup sowan lan Pandhembereh, namung taksih dados Bekahur, lenggahipun kursinipUn mawi kasuran kasami kalawan Oprup. Saking karsanipun Ingkang Sinuhun ing benjing masa wandea mawi. Tuwan Oprup Iseldhik sanget nesunipun, kasuranipun kadhupak dhawah ngarsa daIem. Nanging penggalih dalem ugi leres ingkang nepsu. Tuwan Oprup lajeng pamit mantuk, para bupati sangetpengungunipun.

Ing sawusing kurmat, Oprup Iseldhik pasrah sorog, pamit kesah saking Nagari Ngayogya. Amitungkas dhateng Raden Tumenggung Natayuda, "Becik kang ngati-ati, karo dene maneh Pangeran Natakusuma kenaa dirungokake saka nagara kadohan".

Ing semanten Oprup Pandhembereh kacariyos, inggih boten patos rujuk akaliyan Ingkang Sinuhun. Asring sliringan margi saking piyakahipun Ingkang Sinuhun. Para bupati manglah-manglih saking ewed ingkang linampahan, yen pinuju Oprup nesu kakresakaken ngrapetaken. Yen Oprup lega, pinakung panuwunipun. Kangjeng Sultan boten panggah, mubeng sabarang ingkang rinembag, singlar angampunging bala.

Tuwan Oprup mutungi pasang, ngantos angaturi rembag dhateng Gupernur ing Samawis. Ngrembag Kangjeng Sultan, prayogi linorod sinahnan ingkang respati. Kumpeni kaluhuran winangun kalawan aprang, Idlir Sakeber boten rembag. "pandhembereh kumawawa angrembug. Dudu bobote anyalini ratu, durung trang kang gedhe, sisip dahuru jaman agawe tuna, pasthi nemu paukuman".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Parentah amung lereh-lirih, ngaturi pratela sabarang solahing ratu masa borong Rat India. Pandhembereh sareng mireng sakalangkung ajrihipun, Kangjeng Sultan boten priksa yen dipun maha. Semanten Komisaris Jendral ingkang kawartos rumiyin dhateng Semawis, saha lajeng suka serat dhateng ratu sekaliyan, nembung badhe amertamu.

Rat India Nagri Welandiingkang sami pitungkas, kakarsa-kaken apepanggih sedaya para Raja-Raja ingkang prasobat dhateng Kumpeni anglulusna kapenedan, ngiras papriksa kantor Kumpeni ingkang wonten Tanah Jawi.

Yen lega Ratu kekalih, angrumiyina pepatihipun, tunjuk muka dhumateng ing Semawis. Barang reh kang sumelang, rinumbug rumiyin. Ing benjing bilih pepanggihan sampun wonten ingkang simpen galih, patih kalih mangkat dhateng Semawis.

Patih Danureja kenging rengu, saking wewelingipun Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan kathah pabelanipun. Komisaris Jendral langkung duka dhateng Oprup Pandhembereh, "Yen mengkono, Tuwan Ingglar, peten tengah. Gawenen tugu nagara, wates Sala lan Ngayogya. Ratu loro konen gawe loji, sapa kang mbangkang ora gelem nggarap, iku wis tita alane, sedheng rinengkuh satru".

Komisaris Jendral lajeng dhateng ing nagari Bangwetan. Patih Surakarta tinarima ananging boten amertamu. Patih Danureja antukipun suntrut, Idlir Singglar amertamu dhateng Surakarta tuwin Ngayogya andadosaken loji tengah nagara. Dhusun Kalathen ginarap roroning tunggil, kacariyos sampun kalampahan sarta kaenggenan wadya Kumpeni, tetindhipun ku-mendham. Mawi demang jagi tunggu enggon, Ratu kekalih sami urunan.

Kacariyos Jendral Setratel tilar dunya, Idlir Wise ingkang gumantos dados Gurnadur ing Nagari Ngayogya. Raden Rangga Mancanagari ngajal, anakipun gumantos lajeng kapundhut mantu dening Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan. Dhaup ingkang rayi Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom .Amengkunagara, lan sampun cinetha tiyang nujum kang alul petangan. Yen benjing dados ratu sapadang-sapanginang tamtu anglakoni dadi ratu. Alas Pethik kang dipun enggeni, sampun dados pocapan. Rangga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pethik benjing yen dados ratu, amiwiti rengkaning bumi. Samanten Kyai Adipati Danureja ngajal, Raden Tumenggung Martanagara ingkang gumantos, nunggak semi dhateng ingkang eyang ananging sanes wewatekanipun.

Ingkang eyang ambeg mulyarja, Raden Martanagara ragi gumunggung. Ingkang Sinuhun langkung asih dhateng mantu tetiga, Raden Tumenggung Sumadiningrat, Raden Rangga, Raden Patih Renggengkara, putra jaler anggepipun Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan.

Kangjeng Gusti Pangeran Dipati ing galih sugun-sugun dhumateng ipe tetiga, amulet sih para ipe den pasrahi, ingkang sarira tinitipaken. Para ipe sami sumungkem dhateng Kangjeng Pangeran Dipati, ingkang rama galihipun sakalangkung mengkak. Dene para ipenipun sami suhud dhateng Pangeran Dipati.

Sabarang karsanipun den palangi dhateng ingkang rama. Pangeran Adipati langkung kaken ing galih, dene ingkang rama boten maklum dhumateng ingkang putra. Mantu tetiga asring-asring dhinendha picis, saking galih benter.

Raden Rangga, Raden Sumadiningrat sami ajrih benggang lan Pangeran Dipati, amung Patih Danureja saya anjar'ag trapnya. Den ranggoni Pangran Dipati gelarnamar maras tebih lan patih. Bindondhet wrating tresna, dados sabyantu mangan upas barang ngemasi. Ingkang Sinuhun mangu ering, karsanipun ingkang putra den palipir den kewat, dipun semoni. Deres manggung rinaosan, Raden Rangga, Raden Sumadiningrat ingkang manah mandhek tumolih. Menawi ing benjing kantun lan patih, sihipun Pangran Dipati yen sampun jumeneng ratu dados rebut dhucung ngaturi tur sesinglon.

Ingkang Sinuhun mireng wegah, kang galih sampun ering dhumateng ingkang putra Pangran Dipati. Asring-asring kang paman Kangjeng Pangeran Natakusuma kadamel ngrogo batosipun, Raden Patih yen den pilaur ingkang paman sudarma yektos. Danureja nangga setya Islam, medal saking umat Rasulullah.

Yen awrata dhateng ingkang paman, boten liya ketang pyuhing manah amung Kangjeng Gusti. Sanadyan dhateng rama dalem Ingkang Sinuhun, yen tan yukti apeputra ing Kangjeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipati utawi salinkarsa, putra Hya ingkang dipun badheni labih bicara rungsit, Enggala Kangjeng Gusti jumeneng Ratu, temahan sinatru boten keweda dhateng ingkang rama tuwin dhateng ingkang paman.

Epyuhing galihipun Pangran Dipati, boten sela-sela dhateng patih masrahaken raga jiwa. Kacariyos marasepuhipun Pangran Dipati, Raden Sasradiningrat mrina. Ngaturi penjawil dhateng Kangjeng Pangeran Natakusuma, cethaning wong pepetengan, ajar tapa ing gunung Wilis. Yen ing berljing Pangran Dipatijumeneng ratu, sabbyantu nunggil galih kang paman ngembani ratu, mulus kawijayeng rat.

Yen wong agung kalih sengit, saestu kocar-kacir melasaken Nagri Ngayogya. Gumujeng kang tinuturan, ingkang pangandika, "Nora sedya, nora ngimpi ngembani, awake dhewe ora sampet sakabehe. Ora peget cuwalan, tur nora cukup. Kakang Sasradiningrat asung pemut, trima kasih. Yen saestu njangka, dede reka daya. Mantune kang dipengetna, yen mamrih karya sayekti. Sigug wong kebawah, gampang wisesa kang misesani"

Andheku kang sinung sabda, tembungipun, "Ajrih matur, asring boten kadhahar. Salah galih kawastnan mamrih ungguling putra dalem estri, bicara tanpa wusana".

Sasradiningrat sampun mantuk, semanten Kangjeng Pangran Natakusuma, sampun kathah ingkang putra kakung putri tan dreman yuswanipun. Sepalih ingkang seda, sepalih ingkang rahipun pait. Wonten kakungnama Raden Mas Salya, sedheng sampun diwasa dados kanthinipun ingkang raka sepuh piyambak. Putra telenging galih, kala dutane duk wonten kabar lampor geger gumuruh Nagara Ngayogya. Yen metu budine benjang tedah ngontragaken nagari. Nalika kang ibu meh anyidham, wonten kapal angrik, ngupadosi ingkang ibu. Kados kandhuhah najar, kang katrajang bubar tumunten kaprajaya dhateng Kangjeng Pangeran Natakusuma. Kapal wau pejah, wonten tiyang ngimpi, ajar njaluk ruwat ngupados ingkang dipun ngengeri. Kacariyos Oprup gantos Pandhenbereh, pilenggah Oprup ing Surakarta, Waterlo ingkang gumantos wonten Nagari Ngayogya. Saya resah, Oprup sugih sambutan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Sultan remen pepara ing wana, ardi Banyakan kadadosan Indrakila kang nami. Sakilen Kreseng Kanigara namanipun kinantha pesanggrahan, margi pinrapat.

Nuju mangsa rendheng mempenging jawah, kidang menjangan sami nebih. Ingkang Sinuhun langkung cuwa kang galih, pra bupati kabageyan urun ngiseni bebedhagan, pandamelan awratipun anglangkungi.

Bupati mantri sami ngresula. Ingkang Sinuhun, nuju mesanggrahan nyare ing Kanigara ing ardi, badhe nimbali putra santana numpu sarta dhahar eca, kenthing dinten Kemis eniing.

Semanten Pangeran Natakusuma kagungan tiyang magangan ing Mangundipuran, Wiryatruna, saos bekti matur wadi. "Saking jrih munjuk, kawula lit sanget mrina ing Kangjeng Gusti sabab badhe bineskup dhateng ingkang raka dalem.

Ingkang Sinuhun wonten ardi, margi para sekawanan punika prantos pasangan. Kangjeng Gusti ingapus krama, baris pendhem tinedah keping. Ing margi badhe abrubuh, kula mireng piyambak, boten nyambut pamireng.

Marengi Kyai Tumenggung ngrembag sabab punika, ingkang Sinuhun parentah. Kula siluman, nalikeng kabar rehning paduka tinarka boten sumuyud ing raka dalem. Dados kelilip ing wingk.ing, sum.edya kaimpes ing wana.

Kejawi saking karsa dalem, prayogi dipun oncati, tengkar prabawaning prang. Begja singa. tiwas Kangjeng Gusti ngrebat nagari. Tiyang Ngayogya kathah sami sakit manah, boten sumungkem ing raka dalem, Ingkang Sinuhun.

Kangjeng Pangeran sareng mireng, kumepyur galih pepanggihan. Partisara ingkang kagalih, lan angraos saral. Dados kathung lan boten kagungan abdi ingkang prawira, lan boten angraos galih silib.

Semanten Kangjeng Pangeran Natakusuma dumugi ing semados. Kemis enjing tindak piyambak tanpa abdi, amung lan gamel buntut kapal, ingkang abdi kantun sadaya.

Sareng dumugi ing ardi, tiyang satunggal dereng wonten. Wanci jam sekawan, sareng byar para sentana sami dhateng ndherek Kangjeng Gusti Pangeran Dipati. Taken ing paman, wangsulani-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pun ajrih kantun. Semanten sampun miyos Ingkang Sinuhun, saha den iring prajurit estri, putra santana sampun bodhol, tuwin prajurit lebet sami mbebedag.

Ingkang Sinuhun langkung suka. Sesampunipun kendel anunten dhahar, ingkang Sinuhun kondur. Lan asring-asring miyos ardi wetan Indrakila. Tuwan Oprup katimbalan, tuwin lelangen ing seganten.

Samanten Ingkang Sinuhun sampun kondur, Kangjeng Pangeran Natakusuma rumiyin, kabar badhe pinrantos wonten ngardi Kanigara. Kenyataanyen wong bebangus, akaling Mantri Prameya saking kawraten ing damel mamrih mayar.

Yen Pangeran purun mirong, nadyan kathah para sentana, dununging sih swarga amung satunggal punika. Pangeran Natakusuma pantes rame lan ingkang raka. sagendhinge katadhahan. Wong Ngayogya enggal suyud, wong cilik gampang memecuk sapada dikinawulan. Rewange gunem, pikir lan Ki Wiryatruna lan sampun dados Mantri Panuwa, patine ketonjokan sinuduk ing kancanipun.

Kacariyos Raden Tumenggung Natayuda mentas saos nandhang sakit, mung sedalu lajeng ngajal. Rerasaning wong, boten liya kajawi Raden Patih kang misayani. Sebab yen taksih kang uwa, sabarang kajengipun cuwa. Yen sampun sirna, boten saksak ajengipun dados. Nagari Ngayogya kagem tingaIanjer Tumenggung Natayuda ngemoning Pangeran Natakusuma.

Entheng abot sinangga kang rama satru ati. Lenggahing Natayudan lami dereng kagentosan, kados wonten ingantosan karsa dalem Ingkang Sinuhun.

Dene Raden Tumenggung Natayuda, tilar anak jaler kekalih, anunten gumantos. Ingkang sepuh nunggak semi nama Natayuda, ingkang anem nama Nataprawira. Kaliwon Patih Bekel lowong, mangka wakil Pangeran Dipakusuma ngalih dhateng njawi.

Kathah bupati anyar, sami liyeran linggih. Kang rinaket dhateng Ingkang Sinuhun, abdi kadipaten Panji Purwadipura Gedhong tegen pinisepuh.

Semanten Kangjeng Pangeran Natakusuma, tilaripun Raden Tumenggung Natayuda sanget prihatin. Raosing galih upami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tiyang lumampah kapejahan obor ing margi. Lan kados baita, layaripun tatas, juru mudhi boten gumilir, pancer juru pandoman tatas. Juru semprongipun bawur, angin anglangkungi keras. Boten wande gonjing, katempuh pakewed, lan boten wande kabentur parang.

Semanten Raden Adipati Danureja sampun salin, sajak angisin-isin dhateng Pangeran Natakusuma. Dening Natayuda sampun ngajal, dhedhukune wis ora ana. Kados mekaten semunipun, Raden Patih saya maludag boten wonten kang dipun pakeringi.

Kacariyos, satilaripun ingkang sami sepuh, kantun ingkang para nayaka anem. Mantu tetiga, bupati kencong, sami rebat sihipun Pangeran Dipati. Dhasar sami sugih sumekta bandha, ngrumanteni wisma. Kelangenan ipe nem Raden Rangga anglangkungi beripun, buda mangreh Mancanagari.

Tansah angatur-aturi'kang sarwa edi, Raden Patih kewedan temah kasmareng dyah tur kaponakane. Sinandi den margani dhemit sumesep puyuh, penggalihipun Pangran Dipati dhateng Raden Patih.

Sareng kauninga, Ingkang Sinuhun langkung dukanipun. Lebet anggenipun anampeni penggalih, enget ing kina Trunajaya lan Pangeran Pekik.

Raden Patih dhinendha picis, bapakipun sanget pinendir lan asring-asring kinabaur-kinaburaken. Raden Patih sakalangkung prihatinipun, sedya pinolih boten pakantuk wewah karuntikan. Pisungsunga kang luwih yen dudu iku.

Kacariyos ingkang putra Kangjeng Pangeran Natakusuma ngabdi dhateng ingkang Sinuhun langkung kanggep. Lan sampun kawentar yen badhe kapundhut mantu dhateng Ingkang Sinuhun. Raden Patih jail paekanipun, ingkang kadamel ndhadhani silip, Raden Mas Sabirilan. Kangjeng Pangeran Natakusuma sampun kapanggih, matur dhateng ingkang raka anuwun dhuwung kadamel mirong.

Yen sampun santosa, kula sumangga darmi nglampahi. Mila kula marsudi sanget, sakit manah kula dene Ingkang Sinuhun boten ngopeni dhateng ing kula.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Pangeran Natakusuma boten kalentu, tampining galih estu yen punika bujuk. Ingkang rayi cinepeng astanipun sarta kapopor, ingkang pangandika, "Katon apa, ujarmu kaya ngame. Aku ora gelah ing ratuku, dene kowe kaya wong baring"

Ingkang rayi sanget arjihipun, sampun balaka yen sandining patih kangi aken anglobong. Kula yen angsal tandha dhuwung agemipun kangmas, kula kasukanan lenggah sarta yen rabi kabayangkarya.

Kangjeng Pangeran sareng mireng sanget getunipun ing gaUh, geteripun ingkang rayi den arih-arih sarta kaparingan yatra lajeng ndikakaken mantuk.

Kacariyos ing antawis lami, Raden Mas ginentosaken kabupatenipun. Ingkang uwa, Pratiwa jawi kiwa asring kasrimpet kasandhung margi, saking akaling patih prebawa saking sudarmanipun. Dening sumbaga guna, putus ing kawi, renggang rasa, kacaryan ing ratu. Drengkine saya ketara, keranten dipun akali yen ngungkuli sariranipun angraos wirang isin bapa tinandhing lan rama.

Raden Patih angait Bupati lebet. Arya Sindureja panas dhateng Pangeran Arya Natakusuma. Raden Sindureja mila tumuripun manawi beksa kinembar-kembar. Ingkang Sinuhun swargi, sanget kamayungyunipun. Ngantos dados galihanipun ingkang Sinuhun, punika nalika taksih Pangeran Dipati. Ingkang Sinuhun swargi mrina welas. Sinusupaken pinundhut sihipun, ingkang putra dhaup putri Kadipaten. Kaping kalih putrinipun seda, reraosanipun tiyang kathah, Sindureja saya mongkok piyangkahira, ing manah nunggil panceripun lan Pangeran Natakusuma. Sasolahpatrapipun ingemper den tiru, supe dhateng asalipun. Kancanipun mantri sami amengeti, sampun nyipta trah kusuma. Ngraosa kawula yektos, nanging kathah ingkang ngumpak, sabyantu lan Raden Patih. Lan sinanggupan lungguh sentana, benjing yen dados rekanipun sumilih Pangran Natakusuma.

Raden Patih abapa yektos bekti boten sela-sela, Riya Sindureja sengit dhateng Pangran Natakusuma. Nunten Riya Sindureja sakit lumpuh. Raden Patih ing manah langkung cuwa. Putra sentana sami kinait sungkema dhateng ing Kadipaten, ananging

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipati taksih ajrih dhateng ingkang rama. Amung supados kathaha ingkang pisungsung, Raden Patih ingunggar-unggar, kawuron nggenipun amamrih sih. Raden atih ngepak dagangan, anglangkungi kathah sambutanipun.

Yen tinagih, malang kodhok tetawa picis ing jro kadhaton. "Aja kuwatir bab panyaur." Para putra santana ing manah sami ketir dening kasagahanipun Raden Patih. Ingkang Sinuhun priksa yen patih kathah sambutanipun, cipta ambadheni ingkang putra badhe meksa dipun andhemi.

Semanten Pangeran Natakusuma saking watiring galih, matur dhateng Pangran Dipati, mugi den supeketna pun thole kalawan Prawara tiga.

Pangran Dipati wangsulanipun makaten," Punika prakawis punapa?". Kangjeng aturipun," Mupung dereng, saking kuwatir kula". Pangeran Dipati wangsulanipun," Enggal sukaa priksa ing kula, kula ingkang abersihaken. Lan yen adhi Natadiningrat dados ipe, masa kula sanesaken kaliyan tiga punika".

Semanten sampun luwaran, Pangeran Natakusma lajeng dhateng ing Danurejan nuju kang rama Raden Patih wonten, tuwin Raden Rangga. Ingkang pangandika Kangjeng Pangeran," Si kakang Danukusuma mangka sahit. sarehning wong nom yen ana laiine saprayogane angelingna".

Danukusuma sagah," Yen adhimu iku besuk katriman putrane kangmas Sinuhun, aja ana kang benceng pikir. Kelut panasing wadon, meri padha sadulure. Sapira kamuktene wong ngaup padaning sinjang, lali marang sesanak. Yen nemu susah, tunggal wekase".

Aturipun Raden Patih," Dhateng leres rama, boten sumilir sarambut", ucapipun sarwi mesem dhateng Raden Rangga wangsulanipun, "Dhateng kasinggihan".

Semanten Kangjeng Pangeran Natakusuma sampun kondur. Kacariyos Ingkang sinuhun Kangjeng Sultan, Raden Ayu Sriwulan nama kangjeng Ratu Kancanawulan.

Ratu Anem, ingelih namanipun anama kangjeng Ratu Mas. Nama Ratu Anem, kaparingaken ingkang putra Raden Ajeng Sepuh, jumeneng Ratu Anem. Ingkang embok-embok sedaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Raden Ayu, Sumadiningrat kanamekaken Ratu Bendara.

Ratu Angger kaparingaken dados namanipun Raden Ayu Patih, dene Raden Ayu Rangga nama Ratu Maduretna sarta sami kaparingan upacara.

Kacariyos, Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan amemantu Raden Tumenggung Natadiningrat ingkang kapundhut mantu dhaup lan ingkang putra Kangjeng Ratu Anem. Marengi wulan Jumadilakir, Ingkang Sinuhun langkung suka kadumugen karsanipun.

Semanten putranipun Pangeran Ngabehi, putra estri kapundhut sinareng kepanggihipun Pangeran Jayakusuma. Tuwin anakipun Kyai Mangundipura kapundhut mantu anama Raden Jayadipura. Sekawan penganten putra dalem Ingkang Sinuhun, putranipun Yudakusuma saking peksanipun ingkang rama. Dene garwanipun ingkang Sinuhun tiga, dados pangaring. Putra jangkep tiga, Ingkang Sinuhun among ing garwa, pinarak dhateng loji.

Oprup Puterlo kang njagi pista ing Danurejan tuwin Srimanganti. Pangeran Ngabehi semu meri, Pangran Dipakusuma dados aseman tinerka angrojongi anjunjung ing lurahipun. Ngundhamana Pangran Dipakusuma, wicantenipun Raden Patih," Ora ana ta weruhi, Liyane kejaba seka Kangjeng Gusti Pangeran Dipati. Dene liwat iuwih ngidhepken para Tumenggung"

Pangeran Dipakusuma wicanten dhateng Raden Rangga, "Keranten kula pepundhi, dening sami kang rayi Kangjeng Gusti tuwin ki lurah punika. Nama penganten, ageng alita ical sikuning nagari. Ngangge awisan saprayoginipun, saestu kenging. Punika adatipun, karsa Ingkang Sinuhun swargi".

Raden Patih mireng, saya s§nget nepsunipun. Sareng sampun sami dumugi anggenipun dhaharan, lajeng bibaran. Pangeran Natakusuma utusan mriksa panggenanipun ingkang puttra, sareng dumugi Kepatihan utusan tinangkep ing Raden Patih.

Raden Patih sarwi jelih-jelih, sanget nepsunipun. Wicantenipun, "Jer rama ora ngandel menyang aku, aku ora wedi rama, wedi Kangjeng Gusti". Utusan wau lajeng wangsul, Raden Patih matur dhateng ingkang eyang," Kula boten saged nglampahi lam-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pahan kados makaten punika, kula ajrih wayah dalem Kangjeng Gusti.

Rama, pun adhi tamtu enggal surut Kyai, Kangjeng Gusti tamtu enggal surut Kangjeng Sultan, mila Kangjeng Ratu Kedhaton sanget gethingipun dhateng Ratu Kancana."

Pangandikanipun ingkang eyang," Lumrahe wong nunggoni panganten disugun-sugun. Munduran teka dituturi, dawa cendhaking umur". Kacariyos, Pangeran Natakusuma sareng mireng enget pitungkasipun Raden Tumenggung Natayuda rumiyin. Estu sanes watekipun kang eyang Raden Patih. Punika samanten Raden Patih, aremen angrong ing pawestri, para putri sami ginribig.

Kacariyos Ingkang Sinuhun mireng solahipun Raden Patih, saya sangga runggi. Lan boten surut dhendha picis, sewu, kalih ewu. Raden Patih yen atur-atur penggalih dalem, trima lowung. Saestu Ingkang Sinuhun boten samar dhateng pamrihipun tiyang juti, Raden Patih saya njarag-njarag. Ciri wanci, lelahi ginawamati. ngGenipun nyengkiwing boten mantun dhateng kancanipun bupati, Dipun uwus-uwus dhinendha saya ndelarung, mantunipun amung sakedhap.

Kacariyos Raden Tumenggung Natadiningrat; kawulang dhateng Ingkang Sinuhun. Pangandika dalem," Kang kenceng, aja gumedhe. Rasa sedheng, sapatute. Yen besuk dadi ratu, tuwa kowe dititeni. Yen loba mburu aleman, pryogane mung aja den sengiti. Yen raket, panas galihingsun. Wis, wadining Ratu rong prakara. Kadipaten, Kepatihan wakamu, Natayuda wong lebda dadine nyenyengit. Ana meningan pepatih, nanging ingsun wedi ngrasani. Batine wani menvang aku, dene Sumodiningrat wong sentosa, nanging pepikiran laku. Si Rangga dhasar jawal, nanging ladekediranggoni. Mung penjalukku marang kowe; di sepakon parentah anglokoni. Kowe kaponakanku, anake adhimas. Iku bae aja ngandelken ing ati. Ngawula, ya ngawula". Raden Tumenggung, mituhu ing weling.

Kacariyos, Raden Patih langkung panas manahipun dhateng ingkang rayi Raden Tumenggung Natadiningrat dumugi ingkang garwa. Sabab angraos sumbaginipun kantun tumempuh dhateng ingkang rama Pangeran Natakusuma. Ananging sandenipun sae,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan sedaya putra sentana sami karuket mamrih anggening mbaceri para Pangeran sinludhah.

Mila ing semanten, Raden Patih kathah sambutanipun. Lan ing saben dalu reroyoman. Amung Pangran Kusumayuda ingkang boten tumut, awrat tresna dhateng ingkang raka. Ananging dipun persudi, lan sabarartg patrap gampil kadamel rungsit, menggahing bicara ageng.

Kacariyos Nagari Batawi, Jendral Wise .kendel. Kagentosan Jendral Laut, nama Dhandheles Mareskal. Susuhunan Prasman Napoliyun ingkang ndamel. Lawan wonten sor-soranipun nama, Jendral Mayor Wekes punika ingkang jagarunani yen wonten pambenganing Jendral Dhandheles Mareskal, punika ingkang anyambeti. Lan sampun mupakat, pundi ingkang dados bawahing Kumpeni sadaya, ing Nagari Ngayogya ingkang pineleng. Kocap Ratu ing piangkah dhateng Oprup dipun rengkuh abdi, dhateng Kumpeni tanpa kering. Rembag badhe kasalinan Oprupipun, amilih Welandi ing Betawi nama Piteriglar. Punika ingkang sumarah, anyagahi andhesek nata Ngayogya.

Sarta bisa bicara, berbudi. Ing Surakarta inggih semanten ugi, Tuwan Pambram ingkang tinedah mantuk, wonten Idlir saking Semawis, Idlir Aglar linepas, mung Landros kang tengga Surakarta. Ngayogya salin Oprupipun, Waterlo dhateng Surabaya. Ingglar Oprup ing Ngayogya, nunten sinussulaken prentah malih saking karsanipun Jendral kang nama Oprup Minareng sarta Minister namanipun atas kang anedah wakiling pangreh Gupremen. Mister Ngayogya anggentosi pangwasanipun Gupernur ing Semawis, lan sinung tandha bintang sarta winenang payung mas padhang bulan.

Lan Kangjeng Sultan lenggah jajar ngajengaken ing Ratu, Minister boten kenging trapipun, sami lan Kangjeng Sultan. Ing sanalika campur ing pundi-pundi nggen pinarak Kangjeng Sultan. Boten kenging angungkuli ing Minister, lan kenging manggung topinipun.

Yen Kangjeng Sultan minum, inggih boten kenging Minis ter angladosi. Lan yen Minister dhateng utawi mantuk, Kangjeng Sultan enggal jumenenga. Yen besiyar pethuk, boten kenging

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen mudhuna saking tumpakan. Amung bukak topi, wenang Minister angagengaken urmat.

Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan, sareng mireng sakalangkung kaget ing galih. Sanget pangungunipun, angraos dhinesek karatonipun. Ingkang Sinuhun nunten amasang lelungit, nanging Minister angirih-irih boten angragoni, prentah kadamel selot-selotipun kemawon.

Kacariyos Jendral Wikes angejawi medal Surapringga, lajeng dhateng ing Surakarta. Kangjeng Sunan sampun kentir saaturipun Minister Pambram, boten suwala linampahan. Wonten Solo boten lami, nunten Jendral Wikes dhateng Ngayogya. Raden Adip.ati Danureja, Raden Tumenggung Natadiningrat methuk wonten ing Kalathen. Putra Pangeran Mangkudiningrat ing Kalasan pamethukipun lan ingkang rayi Pangran Mangkubumi.

Pangeran Dipati wonten Jenu pamethukipun, Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan wonten Wanayasa. Sor timbang Idlir ing Semawis, amung kaotipun Jendral yen lengggah wonten tengenipun Ingkang Sinuhun. Boten antawis lami Jendral Wikes wonten Ngayogya, nunten wangsul dhateng Surakarta malih.

Kangjeng Sunan kaparcaya urmatipun anglangkungi, ing semanten Jendral Wikes sampun mantuk saha lajeng layar dhateng ing Nagri Welandi.

Kacariyos Dhandheles Mareskal Gurnadur Jendral, badhe kuliling dhateng Tanah Jawi. Prajurit pinepak, kirang langkung saradhadhu pitungewu. Sabab bok menawi wonten prakawis, sampun suka srat dhateng Ratu sekaliyan Surakarta tuwin ing Ngayogyakarta. Nalika punika kaleres wonten nagari Semawis.

Kacariyos Prangwadana sowan dhateng ing Semawis, katrima dhateng Kumpeni sinung tandha bintang dening Tuwan Besar. Ingangkat putra wuragil, mangsuk dados prajuritipun Kumpeni. Wondene namanipun Pangeran Arya Prangwadana.

Kacariyos Ratu sekaliyan sampun tampi serat, Kangjeng Sunan miturut sumangga pmaraka, Tuwan Panbram ingkang ndhalangi. Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan ing Ngayogya, ing galih salah tampi. Ubeg sadhiya kuda, warastra. Horeg tiyang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sanagari, sarta mirantos.

Tuwan Jendral sareng mireng, sanget runtikipun. Lajeng suka srat dhateng Ratu sekaliyan, yen panuju nggalih putra tuwin santana wontena kang dhateng Semawis supados sami ningalana pirantosing gelar yen tiyang Inggris andhatengi.

Surakarta anglampahaken niyaka santana, Pangeran Mangkubumi. Ing Ngayogya ingkang tinedah, Rangga Prawiradirja kinanthen Pangeran Adinegara, Pangeran Dipakusuma kalih ngiras surati

Sampun dhateng ing Semawis, lajeng amangsuh ing Tuwan Besar. Ananging Jendral semu ewa dening manthelang lajeng ndikakaken ningali galadhi, lajeng ndh'kakaken mantuk.

Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan, tumimbang sarapeksa. Jendral mireng sanget dukanipun, Pangeran Prangwadana pinalih prajuritipun. Ingkang sapalih mangsuk Loji Ngayogya," Nanging aja salah gawe, yen durung masa" 'Dumugi Ngayogya lajeng mlebet ngloji, Minister lngglar ingkang anyareteni.

Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan sareng mireng, anglangkungi dukanipun. Para putra santana sami katimbalan, aprituwin bupati wadana prajurit. Ingkang pangandika, "Kepriye karsane Jendral penganggepe menyang sariraningsun, ngrasa temen ingsun iki kang ngangkat Ratu iya Kumpeni. Wedi, njarag tunggak kemadhuh. Digepyokake menyang aku Negara gumelar tan milu menyang akerat. Wong urip wekasan mati, audu wong lanang yen wediya tandhing Prangwedana"

Sawega kang sami mireng, labuh ngasmaradilaga, paglaran binarisan. Raden Patih dhateng ngloji, mratelakaken dedukanipun Ingkang Sinuhun. Wangsulanipun Minister," Sampun kuwatir ing galih, sebab Pangeran Prangwadana sampun mangsuk Kumpeni. Sampun tunggil saradhadhu kathah, sampun dede Jawi, kang abdi Tuwan Besar. Milane lumebet ing loji, ngungsi papan Semarang akeh pagering, Kula kang tumanggah, yen ngantosa ngrusuhi. Ujer Raden Dipati sok kurang pesaja ing Kangjeng Tuwan Besar, mangayale pepatih sabyantu Ratune sring dirasani"

Kacariyos Jendral dhateng Surakarta, sipeng ing Salatiga. Ing Ampel kinecu bersih, lacaking tiyang awon dhateng ing Kedhu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bawah ing Ngayogya. Kecu padha mreyayi amanggo pedhang Jepan, Jendral tumameng Sala pinuja rengga anglangkungi. Kangjeng Sunan pikantuk dhateng Kumpeni, boten lami Jendral dhateng Surapringga.

Patih Surakarta tumut, boten liya marunipun ingkang rinaosan. Nenajemi ngaben singat andaka, mendakaning prekawis lajeng suka serat dhateng patih Danureja aken ngupadosi kampak dene kecu anyenthulani Tuwan Besar.

Kacariyosan Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan sareng mireng, kagurawaning galih sinayomaning Jendral tepang lan Surakarta, pepatih den reh ing patih. Putra santana bupati pratiwa sami kang katimbalan, saking penggalih dalem yen tamtu wonten prakawis. Manawi kirang cengkar, kadang kadeyan sami kawedalaken ginenah-genah panggenanipun. Wedalipun saking ngarsa dalem lajeng wonten Sri Manganti.

Raden Patih gedheg-gedheg, ing batosipun boten suwawi yen putra santana kakersakaken cengkar dhateng ing padhusunan. Inggih yen tamtu wonten prakawis, leheng sedaa wonten ing ngarsa dalem.

Kacariyos Jendral wonten ing Surawesthi tansah kasukan nutug, Patih Danuningrat semu kelajuk denya lebda micara langkung saking wewelingipun Kangjeng Sunan. Kathah narajang dhateng wewadi suwadining Ratu. Pambram kakersakaken nakeni antekipun Danuningrat, yen est'u Sultan Ngayogya pamursale menyang Kumpeni," Wong Sala apa tan oncat?" Aturipun," Inggih boten oncat, angsal nagri wangsul dados satunggal". Tuwan Pambrem mangsuli, "Ora kena, nagara kagunganing Kumpeni. Karsaning Gurnadur Jendral mung dadiya tepa palupi, supaya Ngayogya lusuh galihe" Danuningrat ewed, amangsuli," Anglendot ing Ratunipun?"

Kacariyos Tuwan Besar wangsul dhateng Surakarta malih, Wilter Idglar angaturi priksa yen Sultan Ngayogya sadhiya ing prang. Putra sentana sampun sami kinersakaken medal, pinarnah panggenanipun. boten ndhahar aturing patih tuwin Minister," Tuwan Besar sanget ing dukanipun, prentah saradhadhu ginenah genah pabarisanipun turut ing margi. Pangeran Prangwadana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samekta sadhiya, Jendral amangsuli serat pemut dhateng Minister ing Ngayogya.

Tuwan Besar angaring-aring tindak dhateng Kartasura, bebedhil cangkrama lan Pangeran Dipati. Danuningrat boten kantun lan sejanipun ing manah nyenyamar rawuh." Tuwanku, ing saecanipun prang, taksih eca cangkrama lan dhahar roti, Tuwan Besar, langkung eca". Dumadya sirna sihipun dhateng Danuningrat, weruh yen siniwering runtik, ulatipun kados mayit.

Kacariyos Tuwan Ingglar. sampun tampi serat, enggal marek Ingkang sinuhun Kangjeng Sultan. Atur priksa, yen Tuwan Jendral benjing-enjing badhe rawuh pinarak Nagri Ngayogyakarta pitungewu ingkang prajurit.

Pangandika dalem Ingkang Sinuhun, "Ing kene ana apa, mulane ingsun sedhiya ing biyen ingsun diwehi wruh bakal ana mung suh Inggris nekani. Roroning atunggal sabiyantu, ingsun uga sedhiya saos bantu". Aturipun Minister, "Mila Tuwan Jendral kathah ambekta prajurit, sabab trang kang pamireng yen putra sentana kawedalaken pinatah papan ing dhusun".

Pangandikanipun Ingkang Sinuhun, "Semonoa iku, ingsun ora ngarepake Gurnadur. Kang ora pegat dadi pangrasa mung wong Prangwadanan kang ana ngloji".

"Rumiyin kula sampun pratela dhateng Raden Patih, kula ingkang nanggel bab tiyang Prangwadanan. Mila sabarang karsa, anantuna dhateng ing kula. Mokal Jendral mamriha dedenipun dhateng Sultan. Kula ingkang nanggel, dadosa banten prajurit kawis". Ing pangandika dalem, "Trimakasih, bangsa bodhoa kang momong Ratu pesthi amrih becik".

Minister matur malih, "Prayoginipun Raden Patih mundhiya seratipun Sultan, sarenga lampah kula amangkat mangke bangun enjing". Ingkang Sinuhun langkung kayogyaning galih, Tuwan Ingglar sampun medal. Sareng wanci tengah dalu, sadaya sami katimbalan punapa dene para bupati. Ingkang Sinuhun lenggah ing panepen, lan ki pangulu sakancanipun pinisepuh.

Pangandikanipun Ingkang Sinuhun," Iki Jendral arep teka nggawa bala, pitung ewu. Padha ingsun pundhut supatanira" Lajeng sadaya sami sumpah, putra sentana tuwin bupati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kacariyos Pangeran Dipati ing galih," Kapiriye dadine ing wuri, Kangjeng Rama ora welas menyang aku. Dene renggang lan Jendral, ora bisa memetsih. Temah negarane, seje kang duweni. Yen mengkonoa Kangjeng Rama, awakku kudu bisa dhewe"

Kangjeng Sultan ngandika malih, "Sokur-sokur adu tumbak-cucukan, kaya iku kang kena supata". Kocap serat dalem ingkang bedhe dhu'mateng Tuwan Besar sampun dados. Raden Patih sampun tampi weling dalem, Raden Patih nangga setya sarta aturipun, "Sinuhun yen taksih kula, mugi sampun kuwatir ing galih dalem".

Panji Purwadipura ingkang andikakaken tumut dhateng Raden Patih, semanten Minister Ingglar lan Raden Patih ingkang dhateng Surakarta. Jendral sampun boten wonten, mantuk dhateng Samawis, Utusan kalih lajeng wangsul dhateng Ngayogya, katur ing Sinuhun sakalangkung kaduwungipun ing galih saha sanget lingsemipun.

Kacariyos ing antawis lami Tuwan Minister anyanthelaken atur, anyaosi prayogi mugi Sultan atura pratandha ingkang warna arta. Wonena saking kalih kethi, dhumateng ing Tuwan Besar. Dene Kangjeng Sultan, kaloka kajanapriya sugih. Amrih pikantuka ing sudara, sarehning Tuwan Besar mangsa punika kathah karsanipun. Atur kula punika mugi kadhahara, saking cipta mangudana ing panjenenganipun Sultan.

Ingkang sinuhun lajeng nimbali ingkang putra Kangjeng Pangeran Dipati lan para bupati ingkang sami anyepeng parentah. Pangandikanipun," Prakara rembuge Ingglar, iya banget tarimaku, ananging yen semono kake.han, Sanggupku limang leksa, iku nama nyambut. Senadyan rembug prayoga, yen kakehan ora patut, ing satemah gawe mlarat".

Aturipun rekyana patih," Leres timbalan dalem, nanging yen angsal leksa kemawon, ingkang Sinuhun ragi kuciwa. Ingkang pitungkas Minister, Kedhik-kedhikipun kalihkethi, boten tuna. Apunten dalem, manawi lepat".

Ingkang Sinuhun sareng mireng, kagugu yen patihipun sugih sambutan rumaos dipun akali. Kawedhar ingkang deduka, dhateng Raden Patih," Anak putu nora layak, anyramakake kagunganing-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sun, pira lawase supata"

Lajeng sami tinundhung medal, Raden Patih lajeng dhateng ing loji. Minister sareng mireng agedheg-gedheg, byar tangan," Punapa den ucap sampun boten karsa ing priyogi, inggih sampun".

Kacariyos antawis lami, mangsa adat maringi pisungsung pengangkat Jendral: lancang-mas lawan paidon-mas, dhuwung, gelas sami mas tuwin lapal.

Raden Patih ingkang lumampah lan Raden Natadiningrat, Tumenggung Sindunagara, Tumenggung Sumonagara, .carik dalem Kyai Prawirasastra, pengiriding lampah boten liya Tuwan Minister Ingglar, dragunder kaliwelas mirantos, utusan wakilipun Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan.

Utusan Surakarta, Patih Danuningrat. Tuwan Jendral kala semanten mentas saking Surapringga, andandosi beteng muwara. Boten sah wira-wira Semawis Surapringga. Tuwan Pambram langkung kangge, kangge saking danarasa.

Kacariyos Tuwan Pambram, kajunjung lenggahipun anama Jendral Kecil, miwah Kum'endhur wonten Nagari Semawis. Ing Surakarta kaiiras saking Semawis, Minister Ingglar langkung merang.

utusan patih kekalih sampun dumugi ing Semawis, serat sampun tinampen tuwin pisungsung sedaya. Nanging Jendral nilar tetamu, mantuk dhateng Betawi. Ingkang mangsuli patih kekalih amung Sekretaris jendral, adamel srat trima kasihipun dhateng Ratu sekaliyan.

Lan pisungsun wangsulan sampun tinampen, lajeng sami mantuk.

Adipati Danureja dumugi ing Ngayogya, sowan ing ngarsa dalem. Mungel sekretaris Jendral kang mangsuli serat, kang kekalihipun ingkang Sinuhun ngraos kandhap den endhak. Lan ingkang Sinuhun mireng kala mangkat dhateng Semawis, Raden patih mawi wangsul dhateng ing kadipaten. Ginalih wewadosiun, anitipaken kang sarira.

Kacariyos sampun gentos wulan, Minister Ingglar saya wegah, lan merang. Sesarenganipun Pambram, sampun angsal damel, pamit dhateng lurahipun nuwun tempo ngenipun jadi Nagari

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ngayogya.

Tuwan Jendral katuju kang galih, begadring Nagari Ngayogya. Saangkuh-piyangkuhipun, beteng Betawi den undur..Jagange wiyar, kapurancang. Anama Mister Nelis kutha inten binukarjembatan pinotongan.

Para rat sami mambengi, dening loji pusaka ing Kutha Inten Wiwitipun, Tuwan Dhandheles malah gusar sami ajrih sadaya. Kacariyos ingkang badhe Minister Ngayogya saweg rinembag, milih Welandi ingkang sapakon amung majeng lawan parentah. Sampun angsal nama Tuwan Wise, gumantos Minister Ngayogya.

Yen Grebeg dhateng ing sitinggil, kurmat mriyem gangsalwelas. Ingkang Sinuhun mengkak kang galih, nanging boten punapaa. Selamine Minister Wise, mendha bicara amung remeh kemawon.

Kacariyos Kangjeng Ratu Anem, wawrat pitung wulan. Ingkang Sinuhun sugun-sugun anyirami ingkang putra mawi kairing ing Kumpeni, putra sentana, bupati mantri.

Wiyosipun saking kedhaton sarta urmat mariyem ing loji, tuwin nahka'babar putranipun kakung. Ingkang eyang Sinuhun Sultan langkung asih, kaparingan nama Raden Mas Mahmud tuwin Pangeran Dipati Supragnya paring memanis.

Dene kang eyang Pangeran Natakusuma apitambuh, yen wonten ing pasemowan weweka, ciptaning kathah mera-meri ing bebayi, lumuh ujar sumakeyan.

Kacariyos Raden Patih gadhah mitra sarip ing Semawis, nama Tuwan Muhkamad. Dipun ken mersanja dhateng Natadiningratan, sesampunipun angunjuk wedang Raden Mas Timur marengi pinangku ingkang rama, kinudang dhateng Tuwan Sarip.

"Raden. Mas iki, besuk dadi Pangran Dipati Anom Amengkunagara", dene pyuh telenging galih kang eyang Sinuhun Sultan. Raden Tumenggung mangsuli," Tuwan teka memedeni, ngudang madukara wisa, boten dados renaning manah. Nadyan ngudang bebaya sipi, gedhe sesiku".

Tuwan Sarip kumesar, panglobonge boten pikantuk, lajeng pamit mantuk. Kacariyos Tuwan Pambram saking Semawis aleket

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Nagari Ngayogya, manginten Kangjeng Sultan. Wonten margi pethukan lan Raden Rangga, Tuwan Pambram bukak topinipun, Raden Rangga kapalipun kesit, boten tumimbang bukak topi. Tuwan Pambram langkung Serik, ngantos katur Ingkang Simbun Sultam. Lajeng ndikakaken nyuwun apunten, Raden Rangga ingampunan dhateng Tuwan Pambram.

Kacariyos Tuwan Pambram sampun pulang ing Ngayogya, Obrusipun Jendral nalika solahing Nagari semanten sampun ngaturi priksa, yen Jendral badhe mertamu, horeg tetiyang sanagari lan Ingkang Sinuhun asring andangu sinten abdi dalem kang sanipun priksa ing Tuwan Besar. Ka.dos pundi menggah ing solahbawanipun.

Kacariyos Tuwan Besar dhateng ing Surakarta rumiyin, Tuwan Pambram boten .kantun, Rad India satunggal ingkang ndherek, Kolonel satunggal. Kangjeng Sunan pikantuk anitipaken kang putra lan ingkang rayi, Tuwan Besar sampun mangkat saking Surakarta dhateng Nagari Ngayogya.

Ingkang Sinuhun lengleng, kang rayi Pangeran Adikusuma ingunggar-unggar mantuk lenggahipun lami. Tur ingebang-ebang yen sanggup nanggulang wirane kang ana ngloji, antepana sentana nglurahi.

Pangeran Adikusuma nangga setya. Sareng dumugi dalemipun, malencing dhateng Jalasutra sarayatipun.

Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan, langkung dening sungkawa dhateng kang putra Pangeran Dipati, rikuh celaka. Pangeran Mangkudiningrat cipta den badheni. Utawi para kadang sami nunggil boten pisah njagi damel ngarsaning rama tuwin Pangeran Ngabehi pinulet sihipun. Sanajan sepuh, tatya wrin baya. Pangeran Ngabehi, marengi gerah binoyong kadhaton.

Kacariyos Tuwan Besar sampun rawuh kalayanjendral prang, anama Gilespe. Pangeran Natakusuma, methukaken. Sami pyuh galih, gentos ciyuman. Kapri tuwin jendral prang rawu'hipun wan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ci pukul gangsal sonten.

Nunten Raden Tumenggung Natadiningrat, utawi kang rayi Raden Mas Salya, ingajak basiyar tuwan minister. Pinenging bekta abdi, mung satunggal kang ndherek.

Enggris pilihan tigangdasa, sami kapale teji, dhateng lurung kadipaten memanuki Pangeran Dipati. Ananging boten wonten medal, m"ung krewalang galih.

Tuwan minister', langkung ajrih dhateng jendral. Rancanganipun selisir, kang wau rembagipun genah katur Pangeran Dipati lawan kang paman sampun nunggil galih.

Sarawuhipun jendral, methuk wonten ing loji sekahyan. Ing satemah boten wonten katingal. Tuwan minister, muring-muring, lajeng ngidul ngetan, angubengi kenaka taman.

Raden Janingrat kang baris mepeti margi, kang dhateng Natakusuma, mantri mergangsa kang den irid kalayan kaparak tengan ngrisak ing Natakusuman.

Sawek marengi mangkat reramu, nunten minister dhateng. Dragunder nunjang baris, dhadhal. Raden Janingrat, marangincih waos sami nguman-uman, "Adhimas, Natadiningrat den eling. Dene mantu kekasih rinengga, teka abahk".

Kawangsulan, "Insa Allah, kula emut boten gothang. Sinten witipun kang anyidrani, estu boten betah rinagum tiyang sa-Ngayogya". Tuwan minister ngejepi dragunder, lajeng ngedrel pistul. Raden Janingrat kras, ngancari waos.

Raden Nayadiningrat ingkang pinrih. Kaptin gancang Raden Janingrat pinedhang, waos nggregeli. Drijinipun rantas, den rerompo binekta mundur.

Kathah tiyang kang tatu kenging mimis. Kesaput dalu, minister lajeng wangsul dhateng loji, kalayan Raden Tumenggung Natadiningrat tuwin kang rayi Raden Mas Salya. Lajeng mangsuh ing Tuwan Besar lan atur warti yen sampun acak prang.

Janingrat nandhang tatu. Enggris kalih kang pejah. Pangandikanipun jendral, "Tak jadi apa. Karo dene malih, Prangwedana teka, Pangeran empun nganggo sumelang. Mila kula timbali, sabab paturane rakandika Sultan kajeng muring-muring ngrungu Prang wedana milu mariki".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Natakusuma, mangsuk, "Sami damelipun Gupremen kang rinembat. Mas putu Prangwedana ing mangke kanca kula".

Samanten kang Sinuhun priksa Raden Janingrat tatu kapetek ing galih.

Sida dadi prakara. Sadhasaring kadhaton geger. Kangjeng Ratu Kancana angesah angles kang galih.

Raden Janingrat ndikakaken sumingkir dhateng taman. Para putra santana utawi para bupati kenthel manahipun. Miris Raden Sumadiningrat, ningali kang rayi ta'tu. Bekah-bekuh sarwi nangis. Yen puruna, kadi ngamuk sanalika. Ngremet satru, kang wonten ing loji. Pulih getih, nanging kepalang maras.

Kacariyos Pangeran Prangwadana cinegad margi. Raden Sindureja kang ngadhangi, prang dalu popok. Sindureja wegah, satiyangipun sumingkir. Pangeran Surya Prangwadana saged lumebet nagari. Nanging prajuritipun risak, kathah kang nulak wangsul, bekakas kabucalan. Kartining prang, tandhon mimis, obat kagunganing Gupremen binucal ngalas.

Pangeran Prangwadana sampun dumugi ngloji panggih kang eyang Pangran Natakusuma sakelangkung amulut galih. Aturipun, "Kula anungsung wartos. Kados pundi karsanipun gurnadur. Dene kula boten mawi kaparingan priksa".

Wangsulanipun ingkang eyang, "Kula boten pae lan mas putu. Amung nglakoni tuduh, sedya males kang tulung sih kula bali wruh Ngayogya saking reh Gupremen. Boten etang dados pocapan, cipta nglakoni prentahing Allah".

Nunten jendral miyos saking kamar. Pangran kalih, kon golong aja na benceng pikir. Sarehne amrat gawe Gupremen. Ing dalu boten kacariyos, sareng enjing jendral mangun bicara kalayan minister. Pintu kinunci, ngantos pukul satunggal. Pangeran ingaturan amalebet ing kamar, tembungipun minister, "Tuwan Besar karsa ninjok srat prayojana dhateng kang raka Sultan. Sinten prayogane ingkang ingutus mundhi surat gurnadur. Punapa kula pyambak utawi sor-soran kula".

Wangsulanipun Pangeran Natakusuma, "Kula boten priksa werdining srat, dadospakewedanggenkula amrayogi". Srat nunten

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

binuka dhapur parentah Kangjeng Gupremen. Kangjeng Sultan ing mangke luraungsura, ginentosan dhateng kang putra Pangeran Dipati jumeneng Sultan. Ingkang kalih, dene malih kang rayi Pangeran Natakusuma pinundhut Gupremen, lumuh kalereh Sultan. Setya tuhu, sakarsane tinurutdan. Putra Gupremen, jendral. Kang punika mugi Kangjeng Sulan muwun, adados pepundhening putra.

Yen welas ing putra wayah kalayan risaking nagari, dahuruning kawula alit, mugi amituruta. Kangjeng Sultan sampun sepuh. Tuna dungkap, nggarap rembag saya kathah longkanganing gaUh. Priyogi, mbegawan sarta sinuhun-suhun ing putra kang jumeneng ratu.

Pinunjung, eca adhahar, sare boten wonten den ronaken. Punika sampun adat, para ratu ing Nuswabumi. Yen sampun lumuh pranata girientosan putra, eklas parentah Gupremen.

Ingkang punika, boten kenging wali-wali pinancet. Pukul empat yen Kangjeng Sultan kekah boten nuruti, pasthi mariyem ing loji mungel ametar wangun karaton.

Pangeran Natakusuma ngungun mireng ternbunging srat, "Ingkang punika tuwan Minister, sampun tamtu manawi kangmas Sinuhun Kangjeng Sultan anekad. Boten petang, sapisan kaping kaUh tamtu males anyenjata.

Wondene ingkang mundhi srat tuwan, juru basa kemawon prayogi. Sampun kayogyan, Tuwan Besar langkung suka. Juru basa Kresman enggal numpak kareta ngaturken serat dhateng karaton. Lajeng sowan irg ngarsa dalem, serat alajeng katupiksa. Sareng sampun maos srat, kapinta galih dalem kang Sinuhun Sultan gumeter tingal dadu.

"Sapa kang bisa nglakoni, awakku dipurak anak lanang lan sadulur. Menawa sira juru basa, awakmu gelem ingsun dhendheng ing lading, uyah asem kang mangka boreh?". Aturipun Krisrnan, "Kula tiyang alit, darmi kautus. Punapa parentah, inggih kasaosaken". Kangjeng Sultan mempeng suraninggalih. Merang dhateng kang putra Pengeran Dipati. Kang putra ingipat-ipatan." Dipati sedyamu angrontok kaparaboningsun Muga sira aja lumrah padhamu uwong, dadiyajajalanat".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipati mulet suku, sanget nangis dinukanan kang rama. Aturipun, "Nuwun, nuwun. Boten gadhah sir salugut yen ngangkah angendhih Kangjeng Rama. Anyanggi saliring supata, kula sagah. Dipun ken nggentosi, kapeksa mopo. Jiniyat ing jendral, boten trus suka leganing manah. Anahging kang rama sampun boten preduli supatane Pangeran Dipati.

Sampun jenggan, tinebihaken anunten tinundhung kondur ken baris dalem pyambak ing kadipaten.

Tuwan juru basa Krism'an anerang; karsa. Kangjeng Sultan boten mangsuli, lajeng parentah dhateng bala, tandang prang angusung sendawa, mimis, kestabel sampun mapan.

Juru basa langkung ajrih, enggal medal lajeng numpak kareta ngerap. Sampun .matur sadaya sasolahipun dinuta, Tuwan Besar sampun pasrah pangwasanipun ing loji dhateng Jendral Gilepse. Pinudya danu, rinengga sinidikara jendral prang. Lajeng damel panggung kadamel nyemprong salebeting kedhaton. Prajurit Cipai lir solahing monyet, sarta.sampun ginenah-genah kang baris ing lelurung.

Prajurit Natakusuman tuwin prajuriting Prangwedanan sarni kanthi Cipai utawi Enggris. anunten kaptin mariyem prentah ambabadi pohun-pohun kang ngrembaka. Mariyem sinuled. Jendral prang baris wonten totogan wetan. Kolonel kilenipun. Dene lurung kang ler, mayor kalih kaptin. Tuwan Besar boten sah kalayan Pangeran Natakusuma utawi kang putra kalih. Tuwin Pangeran Prangwadana wonten salebeting loji ageng, boten pisah kalayan gurnadur.

Jangji pareng mati saurip. Anunten wiwit anyipat wangunan, maryem sungsun-sungsun ing karaton malesi. Baris sampun sami mapan, Enggris utawi prajurit Ngayogya kalihipun boten nedya purun nyorok angrumiyini.

Kathah tiyang pejah kenging mimis, tuwin pohun-pohun. Wangunan sami sempal kaprapal, wondene kang para bupati sami kawar-kawur boten panggah anggagahi. Sami pating blilulung, tiyang alit sarsaran miris dening mariyem Enggris. Sasonten gentos pataran, ananging prajurit karaton sampun awis males. Kestabe-Upun kathah kesah, boten betah ginrujug mimis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Samanten lajeng kasaput dalu. Kendel, ingkang sami prang. Tuwan Besar, anuduh abdinipun. Raden Tumenggung Natadiningrat ken angedom nalika polahipun Kangjeng Sultan, kalayan pirembagannipun. Andhekor utawi jengkar saking kadhaton. Mantri kalih, sampun lumampah. Sami angrojod, saperti buruh.

Bucal tandhaning Enggris, lampahipun anyimpang margi. Angsal warta, yen Kangjeng Sultan dereng wegah. Teksih mempeng kapurunanipun. Sampun katur sadaya dhateng Tuwan Besar. Jendral Gilepsi anebda ing Pangeran Natakusuma, "Saudara, sampun ngraosi bab prang. Eca dhahar wonten meja kalayan Tuwan Besar, yen Gilepsi misih idhup amung mranani pundi panggenanipun kang raka Sultan. Menggah prenahipun Utawi ruji trancangan ginalebet tebel, pager banonipun boten polih wuluh sinapan".

Wangsulanipun Pangeran Natakusuma, "Tuwan, menggah rembag kula inggih amung den nenes ing mariyem, sampun ngenggopi. Wataking tetiyang Jawi, mawut mesthi kangmas Sinuhun Sultan kendhang. Sampun ngantos katiwasan, utawi tatu. Sayektos, salebeting prang kula sanget boten saged aningaJi".

Jendral Gilepsi amangsuli, "Begjanipun kang' raka, boten seda. Wit ning yen bebala, mangidul ratu tamtu tinut ing bala. Kedhikipun tigang ewu, kalih ewu. Kula lami wonten ing Ngayogya, temah ing Tanah Jawi. Yen kang raka Sultan nurut ingkang percaya, tamtu boten kula sedani".

Pangeran Natakusuma sampun utusan melebet kedhaton tiyang estri abdenipun kang putra Kangjeng Ratu Ayu. Begja saged medal. Aturipun, tetela yen ingkang Sinuhun sampun ngongkang. Tansah solah ing galih. Boten kenging mosik, tansah lengleng, gajah sela boten dhahar boten sare. Kang prawara, ngatas gelaring prangjenger. boten winangsulan.

Parentah sediya jengkar dhateng Krengsengsande. Mung ngandika, "Aja nimbangi kerep pambedhilmu. Milu-muluwa adhimas Natakusuma kang sugih obat mimis."

Tuwan Besar langkung suka. Parekanipun ginanjar satus ringgit. Semanten jendral utusan andel Natakusuman dhateng Semawis, bekta srat dhateng mepronipun kang garwa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Raden Sindureja kang baris Jenu, utusan sakawan bineskup dipun suduki ing ngajeng, sampun pejah. Sareng enjing, tuwan minister nedya angrangu Pangeran Dipati kalayan tuwan sekretaris. Lurah Natadiningratan ingkang tinantun. Dumugi butulanipun Jim Sing, minister saweg ungak-ungak lurung kadipaten, sampun salin ingkang tugur prajurit kraton.

Mila saking rehipun ingkang rama Sultan, kang putra Pangeran Dipati tinunjang. Ananging ngepon, boten kersa medal Ruwet, dening kang paman Pangeran Natakusuma wonten ing loji sarta kanthi Pangeran Prangwedana.

Sareng pukul kalihwelas, kendel prang, bukak meja. Pukul sakawan, wiwit prang malih. Pangeran Prangwadana, tinedah baris ing totogan sarta nganthi prajurit ing Natasuman.

Tuwan minister, adamel srat undhang dhateng tiyang sanagari saking palimarmanipun. Ananging Jendral Gilepsi boten suka. Mangsa ora den bobot dhewe, laraping mimis sumawur lan pucuking pedhang. Pangraping jaran, yaiku minangka pemut. Tuwan minister dhateng totogan wetan. Amung Pangeran Dipati kang wonten manah, dening siwah kalayan rancanganipun. Aturipun dhateng jendral, "Rumiyin tiyang Ngayogya sampun sumuyud. Pangeran Dipati, boten damel risaking kathah. Ing satemah, tiyang alit kathah kang pejah. Baluwarti ing kadipaten, baris jejel, mariyem sami den iseni. Prajurit keprabon kang tugur, dede tiyang kadipaten. Tuwan minister murugi pratandha sucining manah, ngobat-abitaken srebet putih. Pengraosipun, tiyang Sultananan penungkulipun Gurpemen.

Wonten punggawa ngajari, yen minister temen-temen ngajak wawuh. Pangeran Natakusuma den aturana mriki. Pangeran Prangwedana, den singgahena. Minister mireng langkung bingah, pengraosipun kang pitedah Pangeran Dipati, sumelanging galih badhe panggih kang paman ingajak sareng dhateng loji.

Minister enggal utusan dhateng jendral. Pangeran Natakusuma den aturana sarta parentah Pangeran Prangwedana kon mundur. Tuwan Besar enggal ngatag Pangeran Natakusuma, lajeng mangkat kalayan kang pura kalih.

Prajurit kraton priksa Pangeran kalayan kang putra, murugi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

baluwerti. Mempen, ngatos-atos ngadhepi mariyemipun. Tiyang kadipaten kekes, gulune salit. Pangeran Natakusuma pitaken ing minister, "Punika kadospundi, punapa prang punapa mapag. Yen mapag, ingkang pinapag pundi?

Tuwan minister asmu marang. Temah prawedana gegaman dede tiyang kadipaten. Wondene tiyang kadipaten kathah ingkang ndhelik. Wonten lenger-lenger, boten saged wicanten.

Tuwan minister wangsul Pangran Natakusuma pitaken malih, Minister gedheg-gedheg. Kados sampun pejah kabunuh kang rama. Prajurit Enggeris boten priksa wadosipun minister. Sami kaken manahipun, amung selak kudu prang. Minister sanget ngampah. Pangeran Natakusuma lajeng kondur, saha tuwan minister.

Sareng pinanggih jendral, ngiwa sami rerembagan Tuwan Besar amung kalayan tuwan minister. Pangeran kantun wonten njawi, sareng dalu bibaran dhateng loji malih.

Tuwan Besar pitaken malih dhateng Pangeran Natakusuma, "Mungguh Cina si Jim Sing, punapa wong ala, Punapa wong pened?"

Wangsulanipun Pangeran Natakusurna, "Yen minister ingkang mastani sae, inggih sae. Aprituwan tuwan minister kang nacad, tamtu Cina penyakit".

Semanten ing dalu wonten kabar Raden Sumadiningrat badhe nutup ing loji, kebon sadaya. Bekakasing prang ingusungan dhateng ing loji wetan. Mariyem uluk-uluk ing dalu, boten pegat prajurit ing dalu kathah sami nglolosi kesah. Wondene ing salebeting kadhaton inggih busekan. Kabar dalu punika sinipat. sanjata murtir, jawah dahana. Tratak, wangunan welit, den dhadheli. Pangeran Mangkudiningrat ingkang anjenengi. Putra tuwin sentana kang setya ing ratu, pepak dumunung wonten salebeting kadhaton.

Ciptaning Ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan, boten liya kang den ajeng-ajeng amung rekane kang putra Pangeran Mangkudiningrat, sayoga sumilih Pangeran Dipati. Uatawi kang raka Pangeran Ngabehi boten kenging benggang.

Mangka jimat, pinetri dening Pangeran Dipati, sampun boten kenging malebet kadhaton. Rinengkuh satru, manahing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kawula bingung. Atusan kang minggat ing wengi.

Raden Sumadiningrat sampun benggang sareng metek prakawis embok dadi pasrahan dhateng loji, ulatipunt biyas. Byar rahina, nuju dinten Jumungah boten patos w'onten prang. Amung petar-petaran.

Jendral prang langkung muring-muring. Mangun bicara, sedya amukul kadhaton. Sampun ginambar sedaya kenaka wangu-ning genthan.

' Pinrapat ingkang prajurit, sinidhang den awas kidul ingkang sinantosan. Jendral Gilepsi nedya mungkasi prang. Boten bedhah ing sadinten benjing enjing, Tuwan Gilepsi langkung wirang.

Pangeran Natakusuma pinanggil ningali gambaring karaton. Karsaning jendral, ngamuk wuta ngobrak-abrik samantara isining kadhaton.

Lajeng mundhut balok, kadamel andha kalayan bambu sampun mirantos sadaya. Tuwan Besar mundhut abdi Natakusuman, mantri ingkang prayogi methuk bantuning prang, sampun mangkat. Kapethuk wonten margi, kathahipun tigang atus. Tindhih, mayor satunggal. Tuwan Besar langkung duka.

Sareng dalu adamel piranti ngrangsang beteng. Enjing tiyang Natakusuman, Natadiningratan, tuwin ing Prangwadanan, sampun pinatah-patah ginenah, pinanci-panci kang mangetan, mangidul, utawi ingkang mangileri.

Tuwan Besar, boten sah amung kalayan Pangeran Natakusuma utawi kang putra. Wanci pukul tiga sampun tata lampah, sampun mangkat.

Jendral Ginepsi langkung krodha. Prajurit mancanagara, Pangeran Dipakusuma, Tumenggung Danunagara kelulun, dhadhal lumajeng. Tiyang lebet sinrang sura. Para prajurit Dhaeng kawon, tetindhihipun Tumenggung Ranadiningrat tatu.

Tuwan minister sampun lumebet ing kadipaten kapanggih sepi. Pangeran Dipati, lumajar ngilen sedya ngumpul salebeting kadhaton. Kang rayi Pangeran Jayakusuma nginepi kori, lajeng ngungsi dhateng taman. Abdinipun buyar sadaya. Amung ampil kang ndherek, utawi garwa putranipun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipati kekudhung pratandha Enggris. Jendral Gilepsi, waspaos tiyang kudhung pratandha, cinepeng estu Pangeran Dipati kang badhe ingangkat Sultan. Ingurmatan, kinanthi astanipun sarta pinrenahaken nggen kang kiwa.

Jendral Gilepsi lajeng ngupadosi Kangjeng Sultan ing pundi panggenanipun. Ingkang baris wetan, Pangeran Adinagara sampun prang kalayan mayor. Putranipun kathah kang tiwas. Pangeran Adinagara lumajeng, Raden Sumadiningrat ing baluwarti kidul wetan enggenipun baris kanthi Kyai Tumenggung Martalaya. Sampun prang kalayan Pangeran Prangwadana.

Langkung rame, gentos kalindhih. Mayor saking ler, anglambung dhateng Raden Sumadiningrat. Kyai Tumenggung Martalaya lumajar. Raden Sumadiningrat pejah. Kang wonten alun-alun kidul prajurit Belambangan, mantri cublin arahan dhusun Tindhih.

Prawiranata, Panjang, Brangtakusuma, sampun kawon prang kalayan prajurit Cipai. Ingkang wonten ngalun-alun ler ing pagelaran, Tumenggung Prawiradiwirya sampun kawon. Para Pangeran kang wonten sitinggil, kang sagah tresna ing ratu, sami lumajar.

Para prajurit, pelajaripun medal ing palataran. Sedaya putra ingkang wonten kadhaton ngadhangi kang lumajar. Ananging sampun boten keringan. Pangeran Mangkudiningrat nangis, sumungkem ing padanipun kang rama. Kados tungkeping rat, sadaya supe. Estu dedukane kang Mahakuwasa, kang dhumawuh ing Kangjeng Sultan, boten kenging dipun tulaki.

Kang Sinuhun langkung lengleng, tangis abata rubuh. Sanget kapetek ing galih, ngenes. Daleming lenggah kados seda wonten dhampar, animbali Puspakusuma. Sinungan bandera putih. "Sira, sunkongkon menyang loji. T.emua adhimas Natakusuma. Ingsun njaluk apurane. Ing sasurute kang suwarga, salawase adhiku idhep menyang ingsun. Kurange pemuleningsun, apadene kabeh kaluputan aku wis angrasa. Dene iki, luluse jenengingsun tamtu amung adhimas rewangku tunggu nagara. Lan ingsun titip anake Ki Mangkudiningrat den pracayakna ing jendral, dadiya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipati.

Kakangane den buwanga, ingsun wus ora sudi. Lan ingsun wus ngakeni salah. Kalah prang, njaluk brenti prang. Biluk ing Gupremen",

Puspakusuma enggal mangkat. Kepareng Raden Mas salya sampun ngrampit pagelaran kepanggih Puspakusuma. Lajeng den irid sowan kang rama, sampun putus sadaya punapa sawelingipun Ingkang Sinuhun. Pangeran Natakusuma mireng tengkung angres kang galih. "Puspakusuma, matura menyang Kangjeng Sultan. Ing saiki, wus nora bisa nututi balang tiba. Wong Enggris wis akeh mati. Lidok pabatangku ora nalisir sarambut, endi sihh kang tresna. Anggugu wong ndaleming, banget ora pyandel menyang aku. Aku karo kangmas Sinuhun, wis andungkap kaki-kaki. Gus Mahmud dudu putuku dhewe. Kang sarira panas prih katempuh memala gedhe. Rusake tinut wong sabumi. Iki sulih Tuwan Besar, becik matura kang trang".

Tuwan Besar anyentak, "Temuadhewe lan aku, apa kang winicara undangen tekaa ing loji". Otusan guras wangsul dhateng kadhaton. Semanten pangeran Dipati sampun kepanggih kalayan sekretaris, Suka kang galih, ngrasa yen gesang. Nanging busananipun garwa putra, telas pinalocodan prajurit Cipai kang resah.

Tuwan sekretaris, sanget mrinani, kalihe mbrebes mili ingaturan dhateng loji. Pangeran Panular boten kantun, manut ing putra. Mantri Natasuman kang ndherekaken, Pangeran Dipati sampun rawuh ing loji, sampun panggih Tuwan Besar. Pangeran Dipati rinangkul kang paman.

Ingaturan, "Paman tiyang sepuh kula, adhi Natadiningrat sadulurku yekti". Pangeran Panular nangis, angrangkul sampeyaning raka muled pada. Lajeng dhateng Pangeran Dipati, "Dika kang dadi ratu. Kang rama Sultan kula purtil. Yen boten miturut, kula bunuh". Pangeran Dipati mireng, bembreng. Sami sekedhap sedyanipun ingkang sarta sumungkem- wentisipun. Jendral mangsuli, "Trima kasih banyak-banyak".

Wondene Jendral Gilepsi ngosak-asik panggenanipun Kangjeng Sultan, kabar wonten taman Suranatan kang den jaga. Sra-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wungan kalayan tiyang keplajar, kabutuh pojoking banon.Wonten sarageni satunggal, nyanjata sambi lumajar. Jendral Gilesi kenging baunipun, butul. Dragunder lajeng ngedrel tiyang lumajar. Kabutuh banon, tiyang pejah tanpa wicalan. Lajeng malebet ing kadhaton. Tuwan Gilepsi langkung nepsu katuju minister, dhateng Jendral Gilepsi dipun gondheli.

Kangjeng Sultan ing galih langkung gumeter amulet kang raka Pangeran Ngabehi..Nanging sampun luwasing damel, kalayan saweg gerah. Jendral Gilepsi ningali Kangjeng Sultan, tambah kang bendu. Tuwan minister angarih-arih lajeng wangsul dhateng loji. Tuwan minister nunten tabeyan kalayan Kangjeng Sultan, sarta pedhangipun tininggal, para putra santana jomblong sadaya. Minister tansah netah-netah, rumiyin mila Kangjeng Sultan atur kula boten dhinahar. Punika sae dadosipun, Lebur papan tulis, dedukanipun gurnadur saking tuwan pyambak, mupung-mupung ing praniti. Kangjeng Sultan sret pangandikanipun, "Apan uwis kelakon. Luputku, apa ingkang den rasani ingsun mintak ampun banyak-banyak. Ananging ta, awakingsun wis ora kanggo dadi ratu, iya uwis. Dene panedhaku kang gumanti ingsun amung Mangkudiningrat. Yen kang dadi si Dipati, ora Ula ing dunya tumeka ing akerat.

Mulane lelakonku pecah crah lan Gupremen, iya simengkono kang mawa njlomprongake ing bapa. Sapa bisa nglakoni, jinegal anak lanang".

Tuwan minister aturipun, "Inggih sampun kekathahen pangandika. Tuwan Sultan pinanggih jendral dhateng loji sami rembagan. Pangeran Mangkudiningrat badhe ingangkat ratu. Dene Pangeran Dipati binucal dhateng laut. Mugi enggal sampun kelayadan, suwawi tedhak dhateng loji."

Kang Sinuhun awrat ing galih. Prajurit Enggris saya katah kang dhateng, ing palataran penuh. Pangeran Mangkudiningrat mothah, sarwi nangis. Kang rama, ginelak-gelak enggala dhateng loji. Boten priksa, upaya sandi denya ujar sayektos.

Tuwan minister lajeng anyepeng astanipun Kangjeng Sultan, kinanthi. Pangeran Ngabehi kang manah glana, ajrih tumut dhateng loji. Para putra buyar, kathah umpetan. Ingkang Sinuhun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkat indak ririh kinubeng pedhang leligan.

Prajurit Natakusuman angapit. Tiyang lebet, sakantunipun sami ndherek wangsul margi. Amung putra tiga kang dherek. Pangeran Mangkudiningrat, Pangeran Martasana, Raden Mas Yakup. Sentana Pangeran Demang, Pangeran Kusumayuda, Martanagara, Yudawijaya, sami manut kang rama.

Sumawijaya langkung boten gewang tresnaning ratu, Kangjeng Sultan rawuh ing loji kebon. Tuwan Besar, wonten ing loji wetan. Minister ngatas, kados pundi kang karsa Kangjeng Sultan.

Parentah ken nglajengaken sarta Kangjeng Pangeran Dipati, Pangeran Natakusuma tuwin kang putra. Yen Kangjeng Sultan katingal sampun wonten ewah saking palenggahan. Ingkang Sinuhun langkung masemohan, ngajeng Pangeran Dipati masang semu ngedhangkrang, sarwi ngraketi ing jendral.

Kangjeng Pangeran Natakusuma, mamar mangres kang galih. Istipar daleming dagih, tumon ing Pangeran Dipati. Sareng celak, katingal warnanipun kang raka tumungkul, waspa mbrabas boten saged ningali ingkang raka. Punapa malih kados mugut yuswaning idhup. Lir boten ningali ing dalem dunya. Sumingep kang paningal. Raden Tumenggung Natadiningrat utawi kang rayi boten aningali. Mangres kang galih, angesahi.

Tuwan minister menging. Kurang sobat lan Enggris, nganggo was-was. Mandheg mangu, pundi kang dados daruna. Sampun mantun ngrenggani karaton.

Pangeran Dipati mireng, wewah malang kadhak. Kangjeng Sultan lajeng kaeres, wonten ing gedhong eler kalayan kang putra sentana tuwin Sumadiwirya'.

Tuwan minister matur ing Pangran Natakusuma. "Sinten sobat kang sayektos, pesthi nunten ingampunan Tuwan Besar". Wangsulanipun, "Sadaya atas sami. Amung anak Mangkudiningrat kalayan adhimas Kusumayuda amelasaken sasolahipun priksa ing dhiri, menawi tiyang alit".

Minister matur ing jendral. Pangeran kalih nunten kaluwaran. Sadaya sami dhateng ing loji kilen. Tuwan Besar lenggah wonten palowanu kalayan Pangeran Dipati utawi kang garwa kekalih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tandha lamun nggentosi madeg Sultan. Pangeran Natakusuma pinasrahaken angubengl kadhaton mbekta parentah Gupremen ungundhangi tiyang Jawi sadaya.

Ing mangke kang dados ratu, Pangeran Dipati. Tiyang Ngayogya ngumpula kang enak manahipun. Boten ewah kalayan adat. Kang parentah, Tuwan Besar Tomas Setamprot Raplesen sarta Gurnadur Jendral.

Pangeran Natakusuma lumayar kalayan kang putra tuwin kang abdi, prajurit kumetar litnan satunggal ingkang njujug salebeting kadhaton.

Sampun rawuh ing srimanganti, lajeng malebet kadhaton. Pangeran Natakusuma, boten mawi kumedhap saking titihanipun, aningali kang raka Pangeran Ngabehi rinubung Cipai. Tuwin kang putra wayah sampun sami risak busananipun. Prajurit Cipai sinapih pinengetaken lajeng sami bibaran.

Pangeran Behi ingaturan sarta kang sabar ngantosi parentah jendral. Para Den Ayu sami ngumpul dados satunggal. Ananging, barangipun sampun sami teias. Kangjeng Ratu Kedhaton sampun manggih pamrina saking kudhung pratandha Enggris saking kang putra, boten priksa sabarangipun lebur.

Pangeran Natakusuma lajeng medal saking kedhaton angubengi lurung, sepi boten wonten tiyang langkung. Kang abdi ken parentah undhang ngangkat Sultan.

Patih Danureja, kacriyos ing nahka utusan sampun angsal penjawilipun minister sarehanipun. Saking Jambu singidan wonten dhusun, pisungsung kabekta..

Sareng nagari bedhah, malebet dhateng nagari sowan ing Tuwan Besar, ngaturaken pisungsung. Jendral sampun narima kasrah Pangeran Dipati.

Tuwan Besar malebet kadhaton, boten kantun Patih Danureja. Pangeran Prangwadana ndherek tuwan minister, kantun anata tempat mantri. Pangeran Dipati sampun nusul malebet kadhaton. Pangeran Natakusuma saking kilen kapethuk minister ngajak wangsul Pangeran boten karsa, "Tuwan, dede garapan kula nguni-uni njro kadhaton. Kula ken parentah ingkang sampun".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tuwan minister wangsulanipun, "Sakathahipun para bupati, dipun kalempakna dhateng loji. Tuwan Pangeran kang nimbali. Yen boten purun tunjuk muka, sadaya tiyang Ngayogya dhateng Pangeran boten inganggep dhateng Tuwan Besar"

Tuwan minister lajeng dhateng kedhaton. Raden Tumenggung Natadiningrat utawi kang rayi ingajak saabdinipun sadaya ken ngusung keton pesmat. Jim Sing kalayan sekretaris, boten kantun minister.

Pangeran Natakusuma lajeng dhateng loji kebon, Boten dangu wonten utusanipun Tuwan Besar animbali Pangeran, sampun malebet. Jendral mubeng, pepriksa sarta parentah ing Dipati Danureja. Barang tuduhipun Pangeran ken nglampahi. Enggal Danureja matur sandika. Tuwan Besar ngandika dhateng Pangeran Natakusuma, "Sekathahe tilarane kang raka, mungguh wong wadon kula mangsa boronga Pangeran. Amung rajabrana punika atas kagunganing Gupremen"

Pangeran mangsuh, "Trima kasih", lajeng parentah Patih Danureja ken nenggani sadaya. Para estri pinarnah kadhaton wetan. Tuwan Besar nunten miyos. Pangeran Ngabehi kabekta. Para putra kang sami singidan ngatirigal, lajeng ndherek ngiring Pangeran Natakusuma. Kangjeng Ratu Kancanawulan kedah tumut ing besanipun dhateng loji. Kawangsulan, sonten prayogi, kalayan ngantosi kang putra. Semanten para pratiwa, niyaka, jatha, mantri, sadaya sampun sami sowan ing Pangeran Natakusuma, tuwin mancanagari sadaya.

Sareng sonten Raden Tumenggung Natadiningrat methuk mara sepuhipun. Raden Ayu tetiga kang kedah tumut ndherek, sampun rawuh ing loji. Gumerah kang tangis, lir kapejahan. Semanten Mas Gandadiwirya ngraos kapinten awakipun, dhateng Pangeran Natakusuma, ciri dene sekuthu kalayan patih kang sampun pejah. Dhaterg kang gumantos ratu, tan wande siniya-siya, sebab kekasihipun kang rama. Lajeng cumanthel tiyang kadipaten, katengga griyanipun. Babah Jim Sing rumeksa barang tuwin tiyang estri. Sareng dalu Mas Gandadiwirya kang nunggil tiyang kadipaten, tansah ingilas-ilas. Jim Sing tumut nguwus-uwus. Mas Gandadiwirya liwung, suka pejah anglabuhi ratunipun. Wanci

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bangun rahina ngamuk, tiyang pejah langkung kathah. Babah Jim Sing, tatunipurt kerep. Nanging taksih gesang. Ing Pacinan geger. Cipai kang njagi, tetulung ngedreli tiyang kadipaten. Cilaka saya kathah kang pejah. Kang ngamuk medal, tinampen sanjata. Mas Gandadiwirya sampun pejah, enjing piskal dhateng Pacinan.

Tiyang kang taksih gesang, cinepengan. Bangke ingusung, pinardata nalaripun. Tuwan minister sanget nepsu. Ajrih, isin dhateng jendral, dening tiyang kadipaten boten ngarusi. Pangeran Mangkudiningrat kang dados aseman. Prakawis sandinipun Tuwan minister, pengamukipun Mas Gandadiwirya atas pakoning kang rama. Pangeran Mangkudiningrat ginrumug Enggris tuwin Cipai. Pitaken nalar, boten wonten ingkang mangsuli. Pangeran Mangkudiningrat tinutup wonten ing loji wetan, pinisah kalayan' ingkang rama.

Tuwan minister enggal ngaturi Pangeran Natakusuma, "Pangeran, kula boten nduga si Jim Sing sinandhang bilahi, den amuk Gandadiwirya. Yen tetep Pangeran Mangkudiningrat kang ngajani, sanadyan anak ratu, bakal kula gantung. Punapa dene Sultan tamtu kula sedani".

Wangsulanipun Pangeran Natakusuma, "Kados tebih yen pakoning kangmas Sultan. Menggah anak Mangkudiningrat, kula boten saged nukup. Kalayan sinten ingkang kautus dhateng Kangjeng Sultan?". Tuwan Besar suka priksa dhateng Pangeran Natakusuma, yen Pangeran Mangkudiningrat sireping tiyang nusul dhateng kamar jendral, sampun sare. Nedha lenggah tigang ewu dados Pangran Dipati Sampun adat lumrahe wong dadi ratu, anake dhewe kang cinadhang anama Pangran Dipati, kudu sadulur kang dados.

Sapunika, kula ken nutup malih lan sahe sudarmane, sedheng nglabuhana kang sinung sabda langkung gegetun. Jendral lajeng malebet kamar. Tuwan minister bebisik Pangeran Dipati, "Boten saged anglampahi dados ratu bilih teksih adhinipun Pangeran Mangkudiningrat wonten Tanah Jawi. Mila kawangsulaken tinutup. Dene palimarmane, tuwan jendral sampun tarima kasih".

Pangeran Natakusuma kendel ngartika ing galih. Nalika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bedhah Nagari Ngayogya, Setu enjing. Akad sonten, pukul gangsal Pangeran Dipati ingangkat ratu, pepak para ageng-ageng.

Jendral teksih wonten kamar kalayan Pangeran Natakusuma. Sasampuning bicara, Tuwan Besar nunten miyos. Pangeran Dipati dhateng palowanu, sampun tata lenggahanipun. Juru basa lajeng maosaken srat parentah Gurnadur Jendral. Sultan. Sepuh ing mangke sampun kamantunan dene kathah cacadipun. Kaping kalih, sring dora angimpe umur.

Ping tiga, boten damel eca rongehing kawula ageng alit. Sayogyane ingkang putra kang nggentosi, Pangeran Adipati, Sultan Amengkubuwana ping telu Ngayogyakarta. Raden Mas Bagus sinengkakaken ngaluhur dados Pangeran Dipati Anom Amengkunegara. Sapa ora mituhu, pasthi mungsuh Gupremen-Sadaya ingkang sowan sami jumurung. Anunten Sultan baru, sinungan dhuwung pusaka bandhangan saking kang rama. Utawi ingkang putra Pangeran Dipati lajeng agung-agungan Enggris tetabeyan. Tiyang Jawi boten ewah kados adadipun ingkang sampun kalampahan.

Anunten Sultan anyar kondur dhateng kadipaten. Sabab ing kadhaton taksih kotor bangke, rudira. Semanten Pangeran Natakusuma tansah kalayan Tuwan Besar. Ing sakarsanipun, Pangeran linire. Yen karsa wonten Demak, utawi senenging Bumija. Ing benjing kang wonten ing Sala kumpul. Pangeran boten kalereh ing ratu yen wonten para ratu kang mungkar, dadiya gitik.

Tuwan minister nambungi, "Beteng karaton kula radin. Lan Sultan dipun kirangi saradhadhu. Sedaya para santana tuwin para bupati boten wenang gadhah prajurit saking sadasa. Mriyem karaton kula rumb.ag sadaya. Senapan Ngayogya, kaparingaken Pangeran. Ratune rfiung ukur-ukur, dene tanah ing Bumija nggegembese Tanah Jawa. Arta pinten, pangraose dhateng gupremen".

Pangeran Natakusuma aturipun, "Sumangga, pangreh Gupremen. Awrat entheng, mawrat utawi nginten, ametawis Gupremen sampun rugi. Ingkang lampah sampun ngantos masakat". Minister matur ing Tuwan Besar, "Sampun, inggih kapanggiha kula kalayan Pangeran. Ing wingking tamtu kula rembag".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Natakusuma nunten atur pratandha warni dhuwung dhateng jendral kekalih, utawi dhateng minister pyambak. Sarta mratelakaken menggah tiyang estri tetilaranipun Kangjeng Sultan sumangga ing asta kalih, menawi wonten karsanipun Tuwan Besar, Jendral narima kasih, boten kersa.

Sareng sonten, Tuwan Besar malebet karaton, saha para ageng-ageng Gupremen. Pangeran Natakusuma kalayan ingkang putra kekalih, Pangeran Prangwadana boten kantun. Kangjeng Sultan dereng pindhah kadhaton. Jendral sampun rawuh kendel wonten srimanganti. Tuwan minister nusul ngaturi gupuh pelajengan. Kangjeng. Sultan kusung-kusung, esmu jrih. Sampun rawuh salebeting kadhaton, aglar wonten ing pendhapa. Pepak sadaya ingkang sowan, juru basa Krisman lajeng maosaken serat. Ingkang parentah Gurnadur Jendral, Pangeran Natakusuma ingangkat anama Kangjeng Pangeran Adipati Pakualam Sudibya, putraning Gurnadur Jendral.

Raden Tumenggung Natadiningrat sinungan nama Pangeran Arya Surya diningrat. Ingkang rayi, Raden Mas Salya, anama Pangeran Arya Suryaningprang.

Kangjeng Sultan nangga asta, sebda langkung jumurung. Sampun mupakat sadaya ingkang sami sowan. Kangjeng Sultan ngandika dhateng kang paman, "Kangjeng Pangeran Adipati Pakualam dipun ngraos sepuh. Sampun supe, gegentose kang rama. Kula ratu lola."

Aming kawangsulan, "Inggih", lajeng sami luwaran. Tuwan Besar, rawuh loji, Pangeran Dipati ngandika ingminister. "Menggah kangmas Sultan kados pundi. Wekasipun, benjing dening sampun tanpa karsa. Telas galihipun, menawi ingapunten jendral, andhe-dheprok mungkul ngibadah. Nrima, bumi sakalasa amung sampun kesah saking Tanah Jawi."

Wangsulanipun tuwan minister, "Dede, pangeran, atasipun yen menggah prakawis punika. Awrat, kedah nanggel. Langkung-langkung putranipun payambak jumeneng ratu. Namung tamtu yen walang gahh" Sareng wanci bangun, Tuwan Besar budhol kondur. Pangeran Prangwadana anyarengi antukipun. Pangeran Suryaningrat, Pangeran Suryaningprang, andherekaken Tuwan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Besar dumugi Kartasura, ndikakaken wangsul.

Kocap ing Surakarta, kineker ing piangkah dhateng Kangjeng Gupremen. Kestorinipun pinapas abebanten pepatihipun, Dipati Cakranagara kalayan Demang Ranawijaya, bilahi kabucal.

Wondene ing Nagari Ngayogya sawarnenipun kang rinaket kekasihipun Kangjeng Sultan Sepuh, ingkang priksa wadi utawi kang asring kautus dhateng Surakarta, tinutup Karsanipun kadamel bebilasan. Sultan Baru singlar solahing rama bebanten tiyang alit mamrih kandel dhateng tuwan minister.

Semanten Sultan Sepuh, prekawisipun sampun putus. Kang putra kalajeng supenipun, tangeh karsa ananggung kang rama, inganggep satru. Lajeng kabucal dhateng Pulo Pinang. Angkatipun kalayan ingkang putra kalih.

Sigeg, cariyos Nagari Ngayogya lan Nagari Surakarta.

Rampunging panededhak ing dinten Saptu, tanggal kaping 17 Wulan Jumadilawal, ing taun Jimawal, angka 1853 utawi kaping 6 Januari 1923.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Babad Mangkubumi

Alih Bahasa

MOELYONO SASTRONARYATMO

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Setelah pulang maka Tuan Eseman merasa sangat menyesal karena ada persetujuan dari bupati, sehingga ada yang berkedudukan wedana meninggal dengan digantung.

Menurut pendapat bupati yang memberikan persetujuan tadi, barlyak permintaan bekas Overste Surakarta yang diperkenankan. Hal .ini ada hubungannya dengan masalah pribadi Pangeran Prangwadono, sesuatu yang patut disesalkan juga.

Pada waktu itu Tuan Panredhe [1]) di Jakarta menghadapi banyak masalah, akhirnya meninggal dunia. Sudah ada berita bahwa kedudukannya diganti oleh Komisaris Jenderal. Terbetik berita bahwa Tuan Komisaris Jenderal tersebut akan bertamu kepada kedua raja, Surakarta Hadiningrat dan Yogyakarta Hadiningrat.

Tuan Overste Iseldhik [2]) dan Sri Paduka Kangjeng Sultan sangat bergembira ketika mendengar bahwa akan ada kunjungan tamu Tuan Komisaris Jenderal. Raden Tumenggung Notoyudo diampuni, diberi pangkat dan kedudukannya yang lama yaitu Kaliwon Patih[3]), sedangkan Raden Tumenggung Martonagoro masuk menjadi wira tamtama yang keempat.

Pada waktu itu Sri Paduka Kangjeng Sultan memanggil Tuan Overste Iseldhik dan tanya mengenai akan datangnya kunjungan tamu dari Jakarta itu.

Sri Paduka Kangjeng Sultan bertanya: "Bagaimanakah pendapat saudara Overste tentang akan datangnya tamu Tuan Komisaris lenderal itu? Saudara Overste sudah maklum bahwa di sini tidak ada apa-apa. Selain daripada itu sudahlah jelas bahwa .aku ada di bawah kekuasaan Jenderal Kompeni. Aku minta supaya tidak terjadi sesuatu kekecewaan yang membuat malu bagi kita".

Tuan Overste Iseldhik menanggapi: "Maafkanlah Kangjeng Sultan, saya sendiri kurang begitu jelas^apa tujuan utama kunjungan Tuan Komisaris Jenderal tersebut. Bagaimanapun juga saya belum mengetahui kepastiannya, sebab saya belum menerima surat. Namun, meskipun saya belum menerima suratnya dan nantinya betul juga ada kunjungan Tuan Komisaris Jenderal, apakah yang menimbulkan kesangsian Kangjeng Sultan? Saya percaya bahwa kemanunggalan kompeni dengan raja-raja Jawa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sudah sedemikian baiknya".

Sri Paduka Kangjeng Sultan bersabda **lagi:** "Aku harus bersikap bagaimana untuk menyesuaikan sopan santun kedudukan? Apabila aku harus menghormat Tuan Gubernur, pastilah aku duduk di sebelah kiri Tuan Gubernur. Untuk kunjungan Tuan Komisaris Jenderal nantinya aku duduk di mana? Di sebelah kirinya ataukah di sebelah kanannya?".

Tuan Overste Iseldhik'menjawabseperti memperolokkan Sri Paduka Kangjeng Sultan, "Tentunya Kangjeng Sultan mengakui bahwa kedudukan Kompeni itu lebih tua. Dan perlu diketahui bahwa tamu Kangjeng Sultan nanti, meskipun beliau Komisaris Jenderal pasti tidak mau duduk di sebelah kiri Kangjeng Sultan".

Tampak bahwa Sri Paduka Kangjeng Sultan Hamengkubuwono berat hatinya, oleh karena itu Tuan Overste Iseldhik menjadi kurang senang, lalu mohon diri. Selanjutnya Tuan Overste Iseldhik mengajukan surat kepada Tuan Idlir di Semarang[4]) mohon dibebaskan dari tugasnya di negeri Yogyakarta. Hal ini dimohon karena sering terjadi perbedaan pendapat atau pertentangan faham dengan kehendak Sri Paduka Kangjeng Sultan. Apabila hal ini terus-menerus terjadi tentu akan berakhir dengan kemarahan Tuan Gubernur Jenderal. Suatu ketika pernah Overste Iseldhik mendapat teguran karena ada kehendak Kangjeng Sultan yang disetujui, padahal Tuan Gubernur Jenderal kurang berkenan. Dilakukan penobatan menjadi raja hanya karena keturunan raja, tetapi syarat untuk menjadi raja yang baik bagi Kompeni, kurang dipenuhi.

Untuk sementara pihak Kompeni masih terus-menerus menjaga dan mengawal keadaan, hal ini untuk menjaga ketenteraman Pulau Jawa.

Permohonan Tuan Overste Iseldhik dipenuhi, dipindahkan bertugas jaga di kantor Surabaya dengan pangkat Sekeber. Lalu yang menggantikan Overste adalah Pandhenbereh,[5]) akan tetapi masih menunggu surat pengangkatan.

Sri Paduka Kangjeng Sultan sangat gembira sebab beliau sesungguhnya kurang senang terhadap Tuan Overste Iseldhik.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pada suatu waktu, hari Sabtu, Tuan Overste Iseldhik bersama-sama Tuan Pandhenbereh menghadap Sri Paduka Kangjeng Sultan namun Tuan Pandhenberehmasih sebagai Bdkahur[6]). Kursi tempat duduk Tuan Pandhenbereh memakai alas kasur, disamakan dengan kursi Tuan Overste Iseldhik. Adapun maksud Kangjeng Sultan bahwa kelak kemudian Tuan Pandhenbereh juga akan menduduki pangkat Overste. Ternyata Tuan Overste Iseldhik marah sekali, alas kasur itu ditendang jatuh di depan Kangjeng Sultan. Akan tetapi Sri Paduka Kangjeng Sultan tidak begitu menghiraukan, sebab menurut pendapat Kangjeng Sultan tidak salah. Seketika itu juga Tuan Overste Iseldhik mohon diri, sedangkan para bupati yang menyaksikan peristiwa tersebut sangat heran.

Akhirnya Tuan Overste Iseldhik sambil memberi hormat, menyerahkan kunci kepada Sri Paduka Kangjeng Sultan. Tuan Overste berkata bahwa beliau pergi meninggaDcan Yogyakarta. Dan sambil pergi Tuan Overste berkata kepada Raden Tumenggung Natayuda, "Awas, berhati-hatilah. Dan lagi pula Pangeran Natakusuma harus bisa dipercaya, meskipun diawasi dari tempat jauh".

Dan sesungguhnya Tuan Overste Pandhenbereh juga tidak begitu cocok dengan Sri Paduka Kangjeng Sultan. Sering tidak ada persesuaian pendapat antara Sri Paduka Kangjeng Sultan Hamengkubuwono dengan Tuan Overste Pandhenbereh. Hal ini terjadi karena Sri Paduka Kangjeng Sultan sangat kuat mempertahankan pendirian beliau.

Para bupati pada umumnya mengikuti pendirian Sri Paduka Kangjeng Sultan, jadi selalu menyesuaikan diri saja. Mereka takut dan segan demi tetap diakui Kangjeng Sultan sebagai abdi yang taat dan setia. Apabila Tuan Overste Pandhenbereh baru dalam keadaan marah, maka para bupati harus dapat mengusahakan pendekatan antara Sri Paduka Kangjeng Sultan dengan Tuan Overste Pandhenbereh. Sebaliknya apabila Tuan Overste dalam keadaan santai, maka ada saja permintaan Kangjeng Sinuhun. Dan watak serta kebiasaan Sri Paduka Kangjeng Sultan, yaitu pembicaraan yang selalu tertunda-tunda serta kurangnya perhatian terhadap hamba prajurit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Oleh karena sesuatu pertentangan pendapat maka pada suatu ketika Tuan Overste Pandhenbereh patah hati sampai mengajukan usul kepada Kangjeng Tuan Gubernur di Semarang. DiusuUcan> agar Sri Paduka Kangjeng Sultan diganti oleh kerabat istana yang lain yang lebih cocok dengan pihak Kompeni. Apabila perlu dan terpaksa, supaya Kompeni mempersiapkan peperangan. Namun usul Tuan Overste Pandhenbereh tersebut tidak disetujui oleh Tuan Idlir Sekeber. Beliau memberikan tanggapan demikian, "Pandhenbereh, janganlah terlalu berani mengusulkan penggantian Sultan, sebab hal itu bukan wewenangmu. Apalagi belum jelas dan nyata pelanggaran apa yang dibuat oleh Kangjeng Sultan. Saya peringatkan agar Pandhenbereh jangan membuat kesalahan yang bisa mendatangkan kerugian bagi pihak Kompeni, sebab hal yang demikian itu pasti berakibat dijatuhkannya suatu hukuman kepadamu.

Adapun Pandhenbereh hanyalah bertugas memberikan' pengarahan-pengarahan yang halus dan tidak terlalu kaku. Mengenai sikap Kompeni terhadap tingkah laku raja-raja Jawa itu adalah menjadi tanggungjawab Raad van Indie".

Setelah Tuan Overste Pandhenbereh mengetahui tanggapan Tuan Idlir Sekeber, maka .ia menjadi sangat takut. Sri Paduka Kangjeng Sultan sama sekali tidak tahu bahwa beliau menjadi pembicaraan rahasia antara Tuan Overste Pandhenbereh dengan Tuan Idlir Sekeber.

Pada waktu itu sudah ada berita bahwa Komisaris Jenderal sudah di Semarang, dan selanjutnya sudah memberikan surat kepada Sri Paduka Kargjeng Susuhunan Pakubuwana dan juga Sri Paduka Kangjeng Sultan Hamengkubowono untuk diperkenankan berkunjung ke Surakarta dan Yogyakarta.

Sudah ada perintah dari Pemerintahan Kerajaan di Nederland bahwa dikehendaki supaya dilakukan kunjungan kerja kepada semua raja-raja di Jawa, yaitu raja-raja yang bersahabat ataupun yang ada di bawah pengaruh Kerajaan Nederland.

Kegiatan tersebut di atas juga dimanfaatkan untuk mengamati dari dekat kegiatan serta kemajuan-kemajuan yang telah dicapai oleh perwakilan-perwakilan Kompeni di Pulau Jawa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dalam suratnya kepada kedua raja tersebut diseyogyakan agar Patih Kangjeng Susuhunan Pakubuwana dan Patih Kangjeng Sultan Hamengkubuwono lebih dahulu datang ke Semarang. Apabila ada sesuatu masalah atau kesulitan yang membimbang-kan, supaya diadakan pembicaraan pendahuluan sehingga dalam kunjungan resmi yang akan datang sudah ada dasar-dasar yang perlu dipercakapkan satu sama lain.

Kedua Patih sudah berangkat ke Semarang. Patih Danurejo dimarahi karena terlalu banyak permintaan dan syarat-syarat yang dikehendaki Sri Paduka Kangjeng Sultan Hamengkubuwono.

Tuan Komisaris Jenderal sangat marah terhadap Tuan Overste Pandhenbereh, sehingga Tuan Komisaris Jenderal memberikan keputusan, "Kalau demikian, baiklah Tuan Ingglar[7]) memberi batas di antara 'kedua kerajaan itu. Buatlah tugu perbatasan kedua-negara sebagai batas antara Surakarta dan Yogyakarta. Kedua raja itu, Kangjeng Susuhunan Pakubuwono dan Kangjeng Sultan Hamengkubuwono supaya membuat loji. Barang siapa .di antara kedua raja tersebut membangkang, maka sudah dapat diUhat kejahatannya dan dengan demikian sudah dapat dianggap sebagai musuh dalam selimut".

Tuan Komisaris Jenderal akan meninjau negeri-negeri Iawa Timur. Patih Surakarta diterima oleh Tuan Komisaris Jenderal tetapi tidak sempat diterima sebagai tamu. Patih Danureja kembali ke Yogyakarta dengan muka cemberut.

Tuan Idlir Singglar berkunjung ke Surakarta dan Yogyakarta sehubungan dengan kepent ngannya membuat loji perbatasan Surakarta dan Yogyakarta. Loji batas tersebut ada di Klaten dan dibuat oleh Kasultanan Surakarta dan Kasultanan Yogyakarta. Setelah pembuataJi loji batas tersebut selesai, maka loji dijaga oleh perajurit Kompeni dikepalai seorang komandan. Kangjeng Susu-hunan Pakubuwono dan Kangjeng Sultan Hamengkubuwono bersama^ama memberikan iuran untuk menggajih penunggu loji batas tersebut.

Pada waktu itu Tuan Jenderal Setratel meninggal dunia. Yang menggantikan kedudukan sebagai Gurnadur[8]) di Yogya-karta adalah Tuan Idlir Wise.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Raden Ronggo di Mancanagara meninggal dunia. Anaknya ditunjuk menjadi pengganti almarhum ayahnya dan kemudian diambfl menantu oleh Sri Paduka Kangjeng Sultan, yaitu dinikahkan dengan adik Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Hamengkunagoro. Sudah menjadi pembicaraan umum bahwa menurut ramalan ahli nujum, putra Ronggo Mancanagara akan menjadi raja, baik dalam waktu singkat maupun dalam waktu yang lama. Bumi yang dihuni yaitu Alas Pethik. Tempat ini sudah menjadi pembicaraan umum. Ramalan itu menyatakan bahwa apabila Ronggo Pethik menjadi raja, hal itu akan diawali dengan gempa bumi.

Pada waktu itu Kyai Adipati Danurejo meninggal dunia, diganti oleh cucunya bernama Raden Tumenggung Martonagoro. Raden Tumenggung Martonagoro ini menduduki jabatan yang sama dengan almarhum kakeknya, namun tingkah laku dan wataknya tidak sama. Almarhum kakeknya berwatak luhur sedangkan Raden Martonagoro mempunyai watak lebih angkuh.

Sri Paduka Kangjeng Sultan sangat sayang terhadap ketiga menantu beliau, yaitu Raden Tumenggung Sumodiningrat, Raden Ronggo, serta Raden Patih Renggengkoro. Ketiga menantu ini diperlakukan sebagai putra lelaki Kangjeng Sultan sendiri.

Hal ini membuat Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom Hamengkunagoro benci terhadap ketiga ipar tersebut, karena Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom harus mendapat kasih sayang dari ketiga iparnya itu. Apabila ketiga ipar tersebut taat hormat kepada Kangjeng Pangeran Adipati Anom, maka Kangjeng Sultan marah mengapa ketiga menantunya taat hormat kepada Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom.

Semua kehendak Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom selalu dihalang-halangi oleh ramanda Kangjeng Sultan. Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom menjadi mendongkol hatinya karena justru ramandanya tidak mempunyai pengertian terhadap puteranya sendiri. Oleh karena itu Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom sering memberi hukuman denda kepada ketiga iparnya itu, hal ini terdorong oleh perasaan hatinya yang dlianda penasaran dan dendam.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

